

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Cina

## 3

R. Ng. Yasadipura I



rektorat  
dayaan

rtemen Pendidikan dan Kebudayaan

399.222

1A5

1h

**MENAK CINA**



TANGGAL	11. 1. 1984
28 AUG 1984	1188

# MENAK CINA III

Oleh  
R. NG. YASADIPURA I

Alih Aksara  
Drs. SUDIBJO Z.H.

Alih Bahasa  
R. SOEPARMO



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1982

Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka  
BP. No. 1146b  
Hak cipta dilindungi undang-undang



## KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah, Jawa yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## DAFTAR ISI

Kata Pengantar .....	5
Kata Pendahuluan .....	9
29. Umarmaya Kepanggil Menak Jayengmurti Wonten Ing Guwa .....	15
30. Menak Jayengmurti Luar Saking Guwa .....	22
31. Prabu Kewusnendar Nungkul Dhateng Menak Jayengmurti .....	32
32. Putri Cina Atwatur Rajapeni Dhateng Dewi Sudarawreti Tuwin Dewi Sirtupelakeli .....	40
33. Prabu Nusirwan Mirsani Kadibyanipun Retna Kelaswara Nalika Ajar Prang .....	53
34. Dhateng Nagari Kelan .....	62
35. Putri Cina Nyuwun Mimitran Kaliyan Dewi Sudarawreti .....	66
36. Nglulusaken Pamitranipun Putri Cina Kaliyan Dewi Sudarawreti .....	76
37. Bidhalipun Wadyabala Kuparman Badhe Nguluru Dhateng Kelan .....	80
38. Raja kelan jajali Ngraosi Menak Jayengmurti .....	84
39. Putri Cina Pinanggih Putri Parangakik .....	89
40. Putri Cina Wonten Ing Pasanggrahanipun Putri Parang-Kik .....	96
41. Raja Jamum Rerembagan Kaliyan Putranipun Kakalih .	103
42. Putri Parangakik Tuwin Putri Cina Sami Anjejep Mengsah Ingkang Badhe Lampah Cidra .....	112
43. Putri Cina Kinarubut Kalih Dhateng Putri Danawa Anakipun Raja Jumum .....	122

## KATA PENDAHULUAN

Buku seri cerita Menak yang berjudul Menak Cina jilid ketiga ini merupakan lanjutan dari buku jilid kedua. Kisahnya dimulai dengan kepergian Putri Cina ke gua lagi untuk sekali lagi mohon belas kasihan Sang Agung Menak agar pengabdian-nya dapat diterima, bahkan menyanggupi untuk menyelesaikan perang dengan Negara Yujana, menaklukkan Prabu Kewusnendar, dan menghabisi riwayat Prabu Nusyirwan yang selalu membuat ribut-ribut belaka.

Permohonan mengabdikan tetap ditolak dan dikatakan Sang Agung Menak, selama ini dia belum pernah minta bantuan siapa pun, dan siapa yang sampai menewaskan Prabu Nusyirwan, dialah pula musuh Sang Agung Menak.

Sementara itu Raden Umarmaya yang melacak tempat Sang Menak atas petunjuk kakek tua, tiba di luar gua. Dan karena Putri Cina merasa ada orang di luar, ia segera pergi dan cepat-cepat lari menaiki kudanya. Kini Raden Umarmaya telah bertemu kembali dengan Sang Menak; tali pengikat hendak dilepas namun Sang Menak dengan mudah dapat melepaskan diri; tali menghilang kembali kepada yang memilikinya. Atas pertanyaan Raden Umarmaya mengapa tidak tadi-tadinya melepaskan diri, Sang Menak hanya menjawab belum waktunya, tunggu kedatangan Umarmaya; tepat seperti ketika dipenjara di Mesir, menunggu kedatangan Arya Maktal. Dan bebaslah kini Sang Menak dari gua. Melihat tali pusaknya, tali kemtular, kembali lagi kepadanya, tahulah Putri Cina bahwa Sang Menak telah lepas dari gua. Dan atas nasehat emban pengasuh-nya, sebaiknya Sang Putri mendekati kedua permaisuri sakti Sang Menak yaitu Dewi Sudarawreti dan Dewi Sirtu Pelaheli. Sekembali Sang Agung Menak di pasanggrahan, segera segala persiapan diadakan lagi untuk menggempur Negara Yujana dengan lebih hebat. Memang benar peperangan berkobar dengan dahsyatnya, namun akhirnya Prabu Kewusnendar kalah dalam perang tanding dengan Sang Menak Jayengrana. Sang Raja takluk, dapat diampuni, bahkan ditetapkan kembali sebagai Raja



Yujana, dan ingin mengabdikan kepada Sang Agung Menak.

Sebelum Prabu Kewusnendar kalah perang dan para rajanya banyak mendapat kemenangan, Prabu Nusyirwan sudah merencanakan perkawinannya dengan Putri Cina. Akan tetapi setelah Negara Yujana ditaklukkan dan Prabu Kewusnendar mengabdikan kepada Sang Agung Menak, hatinya merasa sangat bingung.

Atas nasehat Patih Bestak, Raja Medayin itu bersedia untuk meminta pertolongan kepada Raja Kelan, Prabu Jajali, yang pula mempunyai putri sakti tak ada bandingannya, bernama Dewi Kelaswara. Pun Putri Cina telah mendengar bahwa Prabu Kewusnendar telah tunduk kepada Sang Agung Menak, dan hatinya menjadi tambah resah. Akhirnya, untuk dapat berteman dengan kedua permaisuri Sang Menak, Putri Cina menghaturkan harta benda dan segala jenis batu permata kepada kedua permaisuri tersebut dengan suatu tekad, apa pun yang terjadi dia akan minta perlindungan kepada kedua putri tersebut.

Sementara itu permintaan Prabu Nusyirwan agar mendapat bantuan dari Raja Kelan, telah disanggupi dan Prabu Nusyirwan dengan para wadyanya dipersilakan masuk ke Negara Kelan.

Putri Raja Kelan yang bernama Dewi Kelaswara itu adalah seorang prajurit putri yang sakti, gagah berani dan telah menaklukkan banyak raja, dan para putri raja taklukan itu di-boyong ke Kelan dan dilatih menjadi prajurit putri yang tangguh dan perkasa.

Dan ketika Prabu Nusyirwan menyaksikan latihan perang Dewi Kelaswara dengan para prajurit putri asuhannya, hati Sang Prabu menjadi mantap kembali, yakin bahwa Kelan dapat mengalahkan Sang Menak.

Di dalam istana Kelan Dewi Kelaswara sedang membicarakan mimpi mereka. Emban Sumbita menceritakan mimpinya bahwa Negara Kelan banjir darah, Sang Putri Kelaswara hanyut, tetapi dapat ditolong oleh seorang satria tampan lagi gagah berani. Dan Dewi Kelaswara juga menceritakan mimpinya bahwa dia melihat hujan bintang dari langit dan sempat

memungut tiga buah. Kemudian bulan pun jatuh dari langit dan jatuhnya tepat di pangkuannya.

Mereka memaknakan mimpi itu sebagai malapetaka yang menimpa kerajaan Kelan, namun Sang Putri tertolong dan akhirnya bahkan dapat anugerah besar.

Di Negara Yujana, Sang Agung Menak mendengar berita bahwa Prabu Nusyirwan minta bantuan kepada Negara Kelan, dan Sang Menak dengan persetujuan para rajanya, bermaksud untuk menyerang Negara Kelan. Dikisahkan dalam cerita ini bahwa raja raksasa di Negara Jabalkap, kalah perang dengan Sang Agung Menak. Raja raksasa yang bernama Mardusindula itu ketika meninggal dunia, berpesan kepada anaknya agar mengungsi jauh dari Jabalkap; jika tidak tak urung akan ditumpas oleh Sang Agung Menak. Dan anaknya bersama beberapa ratus wadya raksasa kemudian mengungsi dan bertempat tinggal digunung yang mereka sebut Gunung Sindula, dan raksasa itu sendiri bernama Mardu Jamum. Ia mempunyai dua orang putri dan bersama mereka itu Mardu Jamum bertapa di gunung bertahun-tahun lamanya, dan akhirnya menjadi saktilah mereka itu. Merasa telah sakti, mereka mencari jalan untuk menebak Sang Agung Menak dan kebetulan dalam perjalanannya ke Kelan, Sang Menak dengan wadya balanya akan melalui gunung tempat kediaman para raksasa.

Sementara itu Sang Agung Menak berunding dengan kedua permaisurinya, disertai Sang Arya Maktal dan Raden Umarmaya. Ada surat dari Putri Cina yang menyerahkan mati hidupnya kepada Dewi Sudarawreti dan Dewi Sirtu Pelaheli, syukur kalau Putri Cina dapat dianggap sebagai saudara mudanya. Setelah dipertimbangkan masak-masak permohonan Putri Cina dikabulkan, setelah wadya bala Sang Menak dipisahkan menjadi tiga. Sepertiga di bawah Raden Jayusman diikuti oleh ibu surinya dan diasuh oleh Raden Maktal, sepertiga lagi di bawah Raden Ruslan, dengan diikuti oleh ibu surinya dan diatur oleh Prabu Tamtanus, dan yang sepertiga terakhir untuk para raja dan ditata oleh Raden Umarmaya. Dan putri Cina dapat datang bebas sebagai kawan kepada kedua permaisuri Sang Menak.

Terkabullah permohonan Putri Cina untuk berkawan dengan kedua prajurit putri, permaisuri Sang Agung Menak, dan hal itu telah pula diberitahukan kepada yang bersangkutan. Dan setelah pembagian itu diatur dengan baik berangkatlah wadya bala Arab ke Negara Kelan.

Di Negara Kelan, Prabu Jajali menceritakan kepada Prabu Nusyirwan adanya raksasa di gunung Sindula yang selalu membantu Raja Kelan karena telah diperkenankan mengungsi di wilayahnya.

Dan kebetulan Sang Agung Menak akan melalui daerah raksasa, dan dengan kedua putrinya yang sakti, Raksasa Mardu Jamum pasti dapat menumpas Sang Agung Menak.

Dalam perjalanan ke Kelan, Putri Cina sering diminta datang ke pasanggrahan Dewi Sudarawreti untuk bercakap-cakap bertiga dengan Dewi Sirtu Pelaheli.

Juga sering diminta datang Arya Maktal dengan istrinya, Dewi Jarahbanun, yang dahulu diperoleh dari Negara Mesir. Sementara itu raja raksasa Mardu Jamum berunding dengan kedua putrinya Mardawa dan Mardewi, bagaimana sebaiknya menghabiskan riwayat Sang Menak. Mardawa dan Mardewi disuruh berganti rupa menjadi wanita cantik-cantik dan mendatangi Sang Menak dan Arya Maktal sedang ayahnya menunggu dulu di udara.

Tetapi Raden Umarmaya yang baru saja bertemu lagi dengan kakek tua di hutan, diberitahu apa yang menjadi siasat raja raksasa dan kedua putrinya. Dikatakan bahwa para wadya jangan ada yang keluar, Sang Menak dan Arya Maktal selalu berkumpul, dan hanya diadakan penjagaan oleh dua kali empat puluh orang yang selalu berkeliling. Kalau terjadi sesuatu yang akan maju hanya kedua permaisuri Sang Menak.

Dalam kelilingnya melalui udara, Dewi Sudarawreti dan Sirtu Pelaheli naik burung sakti kendaraannya. Putri Cina Adaninggar diperkenankan ikut serta, namun naik binatang darat, dan kedua permaisuri terbang rendah agar Putri Cina tidak ketinggalan dan selalu dekat mereka. Apa yang dipercekapkan antara mereka bertiga, khas sekali sifat perang prajurit Arab.



Dikatakan bahwa sebenarnya kesaktian prajurit Arab banyak yang dapat mengimbangi. Namun bobotnya terletak pada kewaspadaan, selalu menyelidiki dan ingin mengetahui lebih dulu apa yang akan dihadapi, dan dalam hal ini tidak ada yang dapat menandingi prajurit Arab. Di situlah letak rahasianya bahwa mereka selalu menang perang, karena segala sesuatunya selalu sudah dapat diketahui lebih dahulu.

Kedatangan kedua putri raksasa pun telah diketahui, dan Putri Cina ditugasi mengikuti gerak-gerik putri raksasa yang akan menculik Sang Menak dan sedang masuk ke ruang tidur.

Putri Cina menjadi sangat marah dan melecut putri raksasa dengan tali kemtularnya, sekali dua kali; dan putri raksasa Dewi Mardawa diseret keluar dan terjadilah perkelahian antara Putri Cina dan kedua putri Raksasa, Mardawa dan Mardawi. Kedua putri raksasa dari putri cantik kembali menjadi raksasa dan karena merasa kalah dalam perang, lalu minta bantuan ayahnya yang masih di udara. Dan Dewi Sudarawreti beserta Dewi Sirtu Pelaheli juga datang membantu dan terjadilah perang ramai. Putri Raksasa melepaskan panah api, terjadi hutan api, namun Putri Cina membubung tinggi mengikuti asap api yang dinyalakan wadya penjaga, dan terjadilah pertarungan nyala api yang kesemuanya pecah hancur. Mereka saling menyerang dengan senjata apinya, belum ada yang kalah atau yang menang.

Hingga sekianlah yang dikisahkan dalam buku Menak Cina jilid III.

## 29. UMARMAYA KEPANGGIH MENAK JAYENGMURTI WONTEN ING GUWA

### GAMBUH

1. Ni Emban Siwangsiwung  
wancining sore satengah pitu  
kinen mijil mantuk pakuwonireki  
tur sembah mBan Siwangsiwung  
mijil saking ing pakuwon.
2. Wau sang retnaningrum  
sapungkurira mBan Siwangsiwung  
pan kagagas tyasira saya wiyadi  
linali-lali meksemut  
Wong Agung Jayengpalugon.
3. Cumanthel ing pandulu  
wus paliket muket neng jajantung  
merem melik tan ana ingkang katitik  
sakehing pikir katawur  
pating balesar mung katon.
4. Ya ingkang binalenggu  
aneng ing guwa sang Jayengpupuh  
datan bisa ngampet ing tyas busana glis  
kuda sumaos ing ngayun  
sang retna anitih cemplo.
5. Wanci pukul sapuluh  
ing kesahira tan ana weruh  
saonjotan tebihe guwa wanadri  
wus prapta ing lampahipun  
sang dyah kang nandhang wirangrong.
6. Manjing angaras suku  
matur paran ing karsa Wong Agung  
tembe tumon wong cukeng kepati-pati  
tan ngangge mlesed sarambut

banget niaya maringong.

7. Kawula anunuwun  
inggi lilah paduka pukulun  
kula aprang yen tuwan ingkang anuding  
mung ngidenena Wong Agung  
enjang kula prang rerempon.
8. Lan wong Yujanaulun  
kang ngawoni putra tuwan tatu  
mengsah nedya anumpes bala nata Mir  
tuwan ideni pukulun  
sapinten gunge kang mungsoh.
9. Wong Yujana sadarum  
tuwin wadyabala ing Medayun  
wadya tuwan sampun wonten tumut jurit  
wong Cina bae kang magut  
kawula kang males awon.
10. Mangsa wandeya hampur  
mung tigang ejam kawula sanggup  
apupulih putra tuwan nandhang kanin  
katura bandan pukulun  
Kewusnendar lan sang katong.
11. Rajeng Medayin iku  
salamine apan karya riwut  
yen paduka lilah kawula wekasi  
punika kang dados etuk  
wong ala winales awon.
12. Anauri Wong Agung  
iku ta luwih karsanireku  
nora akon nora menging awakmami  
sajegingsun manggih mungsuh  
pira-pira para katong.
13. Durung nyanyambat ingsun



miwah sang prabu Medayin iku  
yen nemuwa siya-siya sor ing jurit  
nora lila raganingsun  
sayekti mungsuh lan ingong.

14. Eca imbalan wuwus  
Jayengmurti lan Sang Retnaningrum  
wau lampahira Arya Pulangwesi  
jawining guwa wus rawuh  
nitik suket lan kakayon.
15. Kang kobong dadya awu  
resik padhang kiwa tengenipun  
nulya ndhodhok Marmaya denira ngintip  
pan ing wanci tengah dalu  
sang putri kang ana ing jro.
16. Guwane pan asumuk  
sitine manget-manget kumukus  
Umarmaya miyarsa ana wong angling  
ting garuneng dangunipun  
swarane lanang lan wadon.
17. Mrepak panjejepipun  
narka yen wewe lagya susunu  
dangu ngintip Adipati Guritwesi  
atas pamiyarsanipun  
karasa undure alon.
18. Nedya aminger ngidul  
lawanging guwa padhang kadulu  
dadya ta amandheg sira Marmayeki  
sang putri Cina winuwus  
karasa tyase gya miyos.
19. Mulat pipining pintu  
guwa ana gumremeng kadulu  
sigra nilap lampahe sang rajaputri  
saengga kilat sumebut

turangga cinancang adoh.

20. Mendhak Umarmayeku  
miyat solahe ingkang sumebut  
kawistara wong wadon ragane iki  
sang rajaputri kadulu  
anitih turangga cemplo.
21. Marmaya eram ndulu  
marang kang nitih turangga mamprung  
sampun tebih Marmaya cangkelak bali  
ngintip guwa korinipun  
katingal ingkang aneng jro.
22. Waspada langkung ngungun  
manjing sarwi uluksalamipun  
sinauran Marmaya lumebet aglis  
mrepeki suku angrangkul  
karuna wong agung karo.
23. Marmaya aturipun  
sinten punika ingkang mbalenggu  
mila tuwan amanggih kadi puniki  
anlon ngandika Wong Agung  
pan panggawene wong wadon.
24. Putri Cina puniku  
lungane teka ing prajanipun  
kang pineleng tan lyan amung marang mami  
samudana sandinipun  
lamis marang sang akatong.
25. Nanging ingsun tan purun  
nurutana karsane puniku  
dadi runtik sang putri amrih pisakit  
panjaluke amrih tinut  
supaya mrih sagung ingong.
26. Nurutana sakayun

sedyane pan lumaku rinengkuh  
ingsun lumuh dene wus kapetha rabi  
inganggep rajeng Medayun  
marmane kakang ngong mopo.

27. Ingsun palaur lampus  
yen nuruta wong iku anguthuh  
durung suwe pan mau teka ing ngriki  
Umarmaya aturipun  
kula wau nggih kapregok.
28. Nanging tan wowor sambu  
tan waspada mring kula pukulun  
kula inggih tuna boten aniteni  
mung katawis ukelipun  
kalamun priyayi wadon.
29. Lah suwawi pukulun  
inggih sagung gogodhi puniku  
nunten kula pagase kalawan seking  
sampun lami winayuyung  
ing mangke dimene pedhot.
30. Ya ta ngandika arum  
sira Wong Agung Anjayengpupuh  
mengko kakang menenga sira kariyin  
Wong Agung gya matek Jabur  
kang godhi sutra ngalokro.
31. Astanira wus ucul  
malorod godhi sutra ngalumpruk  
apan arsa cinandhak Umarmaya glis  
tali-kemtular marucut  
sumebut musna tan katon.
32. Marmaya eram ndulu  
sutra tali kemanden wus mabur  
gedheg-gedheg matur istijrat puniki  
watawis kawula wangsul

mring kang darbe sang lir sinom.

33. Ki Umarmaya matur  
tuman temen paduka puniku  
tingkah tuwan inggih kadi duk Pamesir  
rinante salaminipun  
paduka tan saged medhot.
34. Pun Maktal praptanipun  
ngluwari sagung kang para ratu  
kinikiran rante pedhot sadayeki  
amung paduka pukulun  
pribadi ingkang amedhot.
35. Punika tunggilipun  
mila ta duk wau-waunipun  
kongsi lami Wong Agung mesem nauri  
kakang durung wektunipun  
kang godhi sutra ngalokro.
36. Mengko mangsane ucul  
tali kemanden praptanireku  
sru gumujeng Ki Dipati Guritwesi  
medalken ebir lan madu  
juwadah kang raos-raos.
37. Wong Agung dhahar ngunjuk  
ebir madu lan juwadah arum  
sarwi matur Adipati Guritwesi  
kawula boten angrungu  
tingkah kang kantun pakuwon.
38. Asor ungguling pupuh  
ya ta alon ngandika Wong Agung  
aprang rame putri Cina kang pawarti  
yayi dewi kalhipun  
saking Kuwari wus bodhol.
39. Si Ruslan ingkang tatu

miwah prajurit kang para ratu  
akeh kanin wong Yujana akeh mati  
Kewusnendar barisipun  
ingamuk gusis wis bodhol.

40. Ngungsi jro kitha tutup  
Ki Umarmaya alon matur  
inggi guwa punika pan datan tebih  
mung saonjotan puniku  
tebihe saking pakuwon.
41. Pun kaki kempong pikun  
kang tuduh enggen tuwan puniku  
ingkang asung kendhang Iskandar rumiyin  
asidik pun kaki pikun  
waspada pun kaki kempong.
42. Paran karsa pukulun  
punapa tuwan tumunten kondur  
angandika Wong Agung Surayengbumi  
kakang denrereh rumuhun  
karsaningsun mengko-mengko.
43. Anggangong maksih lesu  
mengko kakang yen wus pukul telu  
karo dene iya ora pati tebih  
wus dangu pangantinipun  
pukul tiga mangkat sinom.

### 30. MENAK JAYENGMURTI LUWAR SAKING GUWA

#### SINOM

1. Datan kawarna ing marga  
lampahe wong agung kalih  
sira Sang Surayengjagad  
lan Dipati Guritwesi  
pukul sakawan prapti  
ing pakuwon pan gumuruh  
Retna Dewi Sudara  
miwah Sirtupelaheli  
anungkemi ing pada asru karuna.
2. Sawusnya mundur tur sembah  
kumrubut sagung para ji  
angaras pada karuna  
sigra Prabu Umarmadi  
natab kendhang saruni  
nimbang kang para ratu  
umung tabah-tabahan  
enggar manahe wadya lit  
wus misuwur praptane sang Kakungingrat.
3. Awit ing pukul sakawan  
tabahan denira muni  
praptane ing byar raina  
kendhang gong maksih ngrerangin  
pakathik lan serati  
samy enggar manahipun  
suka-suka tan ana  
musnane gusti wus prapti  
kang wadya Rab sukane anutug suka.
4. Wong Agung enjang sineba  
aglar kang para narpati  
ngandika mring Arya Maktal  
yayi sagunging para ji

kang ngepung kitha sami  
padha dhawuhana mundur  
dimen si Kewusnendar  
yayi metoni ngajurit  
dyan parentah Wong Agung ing Parangteja.

5. Bubar ratu pitung dasa  
samyang ngunduraken baris  
ngumpul marang pasanggrahan  
nateng Yujana miyarsi  
praptane Jayengmurti  
lawan Ki Umarmayeku  
sang Prabu Kewusnendar  
marek ing rajeng Medayin  
matur kadi pun Jayengrana praptanya.
6. Ing benjang yen mantun sayah  
pun Kalana Jayengmurti  
nunten kawula miyos prang  
dhateng jawi kitha malih  
wadya Ngarab kang sami  
ngepang kitha sampun mundur  
kados pinarentahan  
wadya salah toning jurit  
aprang sareh kadi yen gustine prapta.
7. Ya ta kuneng sanalika  
wong Arab wong Yujaneki  
wuwusen Sang Putri Cina  
ing wau kalane prapti  
talikemtular nenggih  
ngalumphuk neng ulonipun  
kagyat Sang Retnaning Dyah  
angungun sampun kadugi  
yen luware Wong Agung Surayengjagad.
8. Kang tambang talikemtular  
cinandhak marang sang putri

kang tabet sariranira  
Wong Agung Surayengbumi  
sang retna njrit pribadi  
gumuling sare amujung  
remek ingkang wardaya  
babalung lir denlolosi  
kinalungken kang tambang talikemtular.

9. Sapa kang nguculi baya  
Wong Agung Surayengbumi  
apa kang garwa kalihnya  
putri adi Parangakik  
kang mbok Sudarawreti  
lawan kakang mbok Rabingu  
Sirtupeleli samya  
karone putri prajurit  
kayaparan dadine sariraningwang.
10. Sang retna nimbali emban  
Siwangsiwung prapteng ngarsi  
biyang paran dayanira  
solahingsun pan kawalik  
dadi wakingsun mangkin  
Biyang Emban Siwangsiwung  
njaluk apuranira  
dene sira sunkilapi  
reh sunlawan Wong Agung Surayengjagad.
11. Sira biyang aja swara  
Wong Agung Surayengbumi  
wus sawulan aneng guwa  
awit saking sunmalingi  
sun wot ing kuda nguni  
ngong sirepi nora wungu  
tambang talikemtular  
minangka amrih misakit  
kang sunbebed nginggiling sikut mangandhap.



12. Sunpratela datan arsa  
mirsakken prasadu mami  
kudu nganggep maratuwa  
kukuh tan kena kinuwik  
ya dumeu wus miyarsi  
suratingsun ingkang katur  
marang Prabu Nusirwan  
inganggep kapati-pati  
nora obah denny ngaku maratuwa.
13. Siwangsiwung duk miyarsa  
dhuh pukulun kadipundi  
kang pandamel sampun salah  
munduran tuwan wuwuhi  
lan angger boten keni  
sanes lawan para ratu  
inggi kang kathah-kathah  
lamun trah ing Puserbumi  
mawi walat tan kening yen ginagampang.
14. Ing mangke kadi punapa  
Wong Agung Surayengbumi  
Sang Retna alon ngandika  
sutra kemanden wus prapti  
iku kang ingsun kardi  
ambebed sariranipun  
tambang talikemtular  
baya ana kang nguculi  
garwanipun kang roro padha prawira.
15. Sudarawreti kang nama  
putri adi Parangakik  
lawan putri ing Karsinah  
Rabingu Sirtupeleli  
karo putri prajurit  
baya ika kang anjupuk  
bisa napak gagana  
Siwangsiwung matur aris

sampun ruwed nahanggēr ing reh punika.

16. Biyang sapa kang prayoga  
anjarumi awakmami  
tan etang mbayar sayuta  
tutuge panggawe iki  
apa garwane kalih  
sunpiluta manahipun  
sunatur rajabrana  
peni-peni rajapeni  
saisine biyang nagara ing Cina.
17. Manawa tyase karenan  
ginubel ing garwa kalih  
Siwangsiwung matur nembah  
gusti sampun boten keni  
punika putri kalih  
sampun kabernang nepsu  
katon cidra paduka  
sayekti yen muring-muring  
dene angger amisakit mring kang raka.
18. Malah tuwan denprayitna  
inggihi manawi ndhatengi  
putri kakalih prawira  
nanging kawula miyarsi  
watek wong Puserbumi  
tan wonten kang males ukum  
lamun ginawe ala  
anarima lair batin  
sukur angger ing solah boten kasesa.
19. Sayekti asalin gelar  
pratingkah punika Gusti,  
kenginga pun Kakungingrat  
ing gendam sumbaga dhesthi  
lamun garwane kalih  
dereng kenging manahipun

angger mangsa dugia  
akrama lan Jayengmurti  
wonten sarat mirapet miluteng renggang.

20. Inggih tuwan apalena  
saben dinten Gara Kasih  
angsal kaping kawan dasa  
sayekti maru samya sih  
sang rajaputri kalih  
kadya tunggil yayah ibu  
mangsa sageda pisah  
lan paduka kalih latri  
lah punika melipun kang japa mantra.
21. Ong ting te ong topekong kang  
padha jurungana mami  
jalaku sengarapita  
jala sutra tampang rukmi  
suntibakken jaladri  
kena kabeh iwakipun  
suntibakken bangawan  
gusis saisine keni  
sun tibakken ing taman telaga retna.
22. Kena badhere kancana  
suntibakken tyas sang putri  
Retna Sudarawretika  
putri adi Parangakik  
lan Sirtupelaheli  
Karsinah Retna Rabingu  
tyase rantas katatas  
tumemplok aneng tyas mami  
galang gulung gumulung agogolongan.
23. Amor rahsa paripurna  
ya tyase Sudarawreti  
iya tyase putri Cina  
tyase Sirtupelaheli

lan putri Cina nunggil  
rahsanira rahsaningsun  
tunggal jroning panukma  
ya sirira ya sirmami  
wus anebu sauyun kalawan ingwang.

24. Inggih angger sampun telas  
sampunt tuwan lali-lali  
denenget saben Anggara  
ping kawandasa pinusthi  
putri Cina nuruti  
sampun asrep manahipun  
dandanan marang priya  
pengasih mring maru bangkit  
nanging maksih kalanglangan melang-melang.
25. Ya ta malih kawuwusa  
Wong Agung Surayengbumi  
animbali para nata  
kang tatu tinamban sami  
tuwin putranireki  
waluya tinamban sampun  
tan ana kaliwatan  
mring Dipati Guritwesi  
sami eca tyasira kang para raja.
26. Ing saben dalu kasukan  
lan sagung para narpati  
punggawa lawan satriya  
mangkana dina sawiji  
nateng Yujana mijil  
saking jro kitha gumuruh  
arsa magut ing yuda  
wong Arab myarsa animbangi  
sampun aglar barise kapang kalangan.
27. Gumerah swaraning bala  
kendhang gong beri tinitir

teteg munya abarungan  
wadya Rab berag ing jurit  
mbalabar tanpa wilis  
kadya tedhuh angendhanu  
Wong Agung wus busana  
munggeng ing papan alinggih  
ing amparan patarana dirgasana.

28. Aglar sagung para raja  
kang sami saos ing jurit  
Sri Bupati Kewusnendar  
matur mring rajeng Medayin  
amba miyosi jurit  
dimene enggal pukulun  
inggih pun Kakungingrat  
yen medala pasthi keni  
Kewusnendar medal anitih turangga.
29. Kawot sakapraboning prang  
prapteng papan nguuh tandhing  
heh payo Ambyah metuwa  
papagena tandang mami  
sira angles ing wengi  
balanira prange rusuh  
tan ana kang prayoga  
marmane sun kang ngalahi  
dadya bubar barisingong manjing kitha.
30. Wau kalane miyarsa  
Wong Agung Surayengbumi  
susumbare Kewusnendar  
sigra amundhut turangi  
Askarduwijan prapti  
sigra anitih Wong Agung  
kawot kapraboning prang  
prapteng payudan wus panggih  
atatanya sira Raja Kewusnendar.

31. Prajurit aranmu sapa  
kang amapag tandang mami  
nauri sang Kakungingrat  
iya ingsun Jayengmurti  
gumujeng sri bupati  
agawok ingsun andulu  
kabeh boyonganira  
para ratu geng ainggil  
sira iku nora agung apideksa.
32. Apa kemat lekasira  
ngesorken para narpati  
payo apa aneng sira  
ngandika sang Jayengmurti  
tan watek andhingini  
Kewusnendar ngembat lawung  
lah iya denprayitna  
ing aprang aja gumingsir  
akawala paris waja ingsun tumbak.
33. Ngetap kuda ngikal watang  
Kewusnendar marepeki  
linawung Askarduwijan  
amubeng nikel angering  
lumarap lawungneki  
kebate sang Jayengsatru  
waosira cinandhak  
kena satengahing godhi  
angandika wong Agung Surayengjagad.
34. Heh sang Prabu Kewusnendar  
nistha lekasireng jurit  
narpati angagem watang  
satriya pantese iki  
sinendhal denkuwati  
Kewusnendar kajerungup  
tiba saking turangga  
lawunge binuwang tebih

dyan Wong Agung nimbangi anulya tedhak.

35. Wus samya dharat kang aprang  
amuter gadanireki  
sira Prabu Kewusnendar  
angling sarwi marepeki  
patimu Jayengmurti  
katiban ing gadaningsun  
kudhunga bandabaya  
kalih wus nitih turanggi  
kadya guntur surake bala andurma.

### 31. PRABU KEWUSNENDAR NUNGKUL DHATENG MENAK JAYENGMURTI

#### DURMA

1. Rosanira panggadane Kewusnendar  
kuwate kang nadhahi  
parisane waja  
mubal metu dahana  
panindhi tinitir-titir  
tangkis legawa  
Kalan' Jayengmurti.
2. Tri gumuruh suraking mungsuh lan rowang  
yayah nengker wiyati  
wau kang ayuda  
angling Sri Kewusnendar  
heh Kalana Jayengmurti  
tuhu wentala  
nadhahi gada mami.
3. Nora osik sira suntibani gada  
payo malesa aglis  
iya denprayitna  
kudhunga bandabaya  
muter gada marepeki  
Usamadiman  
gada agem sang Amir.
4. Wus ngawruhi prawirane Kewusnendar  
lawan wus angrasani  
ing prakosanira  
tuhu ratu digdaya  
ngetap kuda marepeki  
sang Kakungingrat  
tumempuh punang bindi.
5. Kewusnendar kudhung parise malela



ginada anadhahi  
jumbret lir gelap  
paris metu dahana  
obah babalungireki  
satus sawidak  
pinindho anadhahi

6. Pan gumeter sang nata turangganira  
pun Jongwiyat sru anjrit  
pining tiga tadhah  
kuwat panangkisira  
pandedele ingkang nitih  
turangga rebah  
pun Jongwiyat ngemasi.
7. Prabu Kewusnendar tibane kaplesat  
tangi sigra mrepeki  
sang Surayengiagad  
wus tedhak saking kuda  
adharat kang yuda kalih  
gada-ginada  
dangu tan migunani.
8. Seleh gada sreng denya narik pedhang  
pedhang-pinedhang genti  
dangu main pedhang  
tibeng paris kumemprang  
kang pedhang wus tanpa kardi  
aseleh pedhang  
mangsah tarik-tinarik.
9. Pan sadina ing prang tan ana kasoran  
nelas gelaring jurit  
saguning gaganan  
sadaya tan wigata  
Kewusnendar gya mrepeki  
sang Kakungingrat  
ingangkat wanti-wanti.

10. Tan kajunjung kinuwatken ing pangangkat  
suku tumanem siti  
netranya ngemu rah  
ngantep panjunjungira  
Wong Agung meksa tan osik  
suku kalihnya  
saya rapet lan siti.
11. Inguculken angling Raja Kewusnendar  
angur mbedhola wukir  
kadaut deningwang  
anjunjung marang sira  
bobotmu angliliwati  
lir gunung waja  
cilik teka tan osik.
12. Payo genti Surayengbumi njunjunga  
Wong Agung anauri  
iya denprayitna  
sang nata pinrepekan  
cinandhak wangkinganeki  
nolih ing wuntat  
Marmaya tampi wangsit.
13. Topongira ingulukken mring ngawiyat  
wadya Rab tutup kuping  
saguning wahana  
kabeh wus tinutupan  
gya petak sang Jayengmurti  
lir gelap sasra  
sang nata wus tinarik.
14. Pan ingikal neng asta kadi likasan  
Kewusnendar binanting  
gumuling bantala  
Tarutul ingkang prapta  
Adipati Guritwesi  
rajeng Yujana

pan sampun dentaleni.

15. Kacekele surya tunggang ing ancala  
wus tinetegan nuli  
bedhol barisira  
mungsuw kalawan rowang  
wus kasrah marang Marmadi  
sang Kewusnendar  
wau ta kang winarni.
16. Sri Nusirwan bubare amasanggrahan  
mila kendel sang aji  
nedya pirembagan  
arsa panggih kang putra  
Wong Agung Surayengbumi  
ing karsanira  
sidane karyaneki.
17. Lawan putri Cina nanging para nata  
siji tan anuruti  
miwah Patih Bestak  
ature tan sembada  
amba wus miyarsa warti  
pun Kewusnendar  
sampun dipunluwari.
18. Boten dangu sapraptaning pasanggrahan  
lajeng dipunluwari  
pan sagah nyepenga  
dhateng paduka nata  
kang badhe dipunwekasi  
sang putri Cina  
apan kinarya nenggih.
19. Ing ganjaran panuwune Kewusnendar  
oneng dhateng sang putri  
punika angarang  
pun Raja Kewusnendar

panuwune denturuti  
ing putra tuwan  
Wong Agung Jayengmurti.

20. Pan ing wau pun Apatih Jawiarta  
undhang salin agami  
wadya sa-Yujana  
sarta sami siyaga  
mepeki kaprabon jurit  
enjing lumampah  
anyepeng paduka ji.
21. Lah suwawi angungsi mring nagri Kelan  
ratu agung linuwih  
kasub pramudita  
nenggih ratu punika  
tur darbe putri prajurit  
datanpa lawan  
kajiman sang aputri.
22. Kekes kabeh para ratu Tanah Ajam  
suyud atur ubekti  
katitih ing aprang  
kasor ngasmareng laga  
boten prang lawan sang aji  
putri kewala  
kang numpes ing para ji.
23. Sampun wonten ratu sewu Tanah Ajam  
katawan ing sang putri  
kang kantun akathah  
nungkul aris kewala  
ajrih nanggulang ing jurit  
boten anandhang  
dibyane rajaputri.
24. Kaelani gusti namaning nagara  
praja geng anglangkungi

asugih punggawa  
bisikaning narendra  
sang Prabu Kelan Jajali  
gagah prakosa  
prusa dedeg respati.

25. Kathah balanipun para raja-raja  
samyā prawireng jurit  
putrinya katawan  
samyā dadya parekan  
nira putrine sang aji  
punjul sajagad  
endah putri prajurit.
26. Apaparab sira Dewi Kelaswara  
ya sang Retna Diwati  
kasub prawireng prang  
marmane ingkang rama  
sinembah samaning aji  
saking kang putra  
magut mukul ing jurit.
27. Kula sampun utusan atur uninga  
yen badhe tuwan ungsi  
saguning pratingkah  
sadaya lampah tuwan  
miwah pamundhut sang aji  
sampun tumanggih  
tuluse tuwan panggih.
28. Lawan putri Cina Retna Adaninggar  
lan sagah amungkasi  
saking ngalam donya  
pejahe putra tuwan  
Wong Agung Surayengbumi  
samangsa-mangsa  
ewa makaten gusti.
29. Yen paduka ngarsakken nut putra tuwan

Wong Agung Jayengmurti  
nanging nanggél baya  
satru munggeg cangkakan  
pun rajeng Yujana mangkin  
sampun pinacang  
lawan sang rajaputri.

30. Adaninggar pinacang lan Kewusnendar  
kang badhe malarati  
mring sarira tuwan  
Nusirwan sru ngandika  
ing ngendi prenahe patih  
nagara Kelan  
Patih Bestak wotsari.
31. Saking ngriki dharatane ngaler ngetan  
nagari Kaelani  
apan titimbangan  
lawan nagari Selan  
kang kidul nagri Serandil  
kang ler ing Kelan  
sami gengipun gusti.
32. Kang ler wetan ing Kelan jajahan Cina  
leripun leres Ngindi  
tumul putra tuwan  
Wong Agung Kakungingrat  
nama Prabu Kaladini  
sang Kalandaran  
punika kang sisiwi.
33. Gajahbiher papatihipun ing Kelan  
sampun ngirabken baris  
lampahan sasiyang  
ngrarangu ing paduka  
mbekta bala tigang kethi  
ingkang parentah  
Prabu Kelan Jajali.

34. Angandika yen mangkono undhangana  
mengko ing pukul kalih  
iya budhalingwang  
lolos saking Yujana  
Patih Bestak gya ngundhangi  
kang para raja  
Sri Bathara ngling malih.
35. Lawan kongkonana marang putri Cina  
angaturi udani  
yen ingsun mring Kelan  
amarga pinondhongan  
mring Prabu Kelan Jajali  
si Kewusnendar  
wus kasor ing ngajurit.
36. Pan wus dadi balane si Kakungingrat  
Patih Bestak gya nuding  
kakalih punggawa  
marang pakuwon Cina  
budhal prabu nyakrawati  
saking Yujana  
kebut sami sawengi.
37. Pan anjujur wana lampahe sang nata  
Patih Bestak gya nuding  
marang mantrinira  
kinen atur uninga  
mring Gajahbiher ndhingini  
patih ing Kelan  
nyarkara kang tinuding.

**32. PUTRI CINA ATUR-ATUR RAJAPENI  
DHATENG DEWI SUDARAWRETI TUWIN  
DEWI SIRTUPELAHELI**

**DHANDHANGGULA**

1. Kuneng wau sang rajeng Medayin  
ingkang nedya ngungsi marang Kelan  
lawan sawadya balane  
wau ta kang winuwus  
pan Wong Agung Surayengbumi  
sang Prabu Kewusnendar  
linuwaran sampun  
tinetepaken sadaya  
karatone nagri Yujana tan gempil  
ingaken saudara.
2. Pan Wong Agung sampun denaturi  
angadhaton jro kitha Yujana  
sawadya para ratune  
kasukan siyang dalu  
langkung ageng sihira Amir  
mring Prabu Kewusnendar  
sinudara tuhu  
pinacak ratu wadana  
para nata dhomas panekarireki  
Narpati Kewusnendar.
3. Langkung sugun-sugun sri bupati  
Kewusnendar ageng manahira  
tan sinuda karatone  
winuwuh sinung luhur  
palenggahanira sinami  
lawan sang rajeng Yunan  
myang Prabu Lamdahur  
Kohkarib Ngerum lan Kebar  
rajeng Kaos Kuristam Ngindi Ngabesi  
sami wadana ngarsa.



4. Ing Kunawar ing Buldan Biraji  
ing Tursina lan rajeng Tarkiyah  
miwah sang Prabu Gulangge  
Kangkan Kuwari Kuljum  
Ngesam Yahman ing Kandhabumi  
ratu kang kasarira  
mangkana Wong Agung  
langkung sukanira mulat  
Kewusnendar babantar bisa met ati  
ing sagung para raja.
5. Rajeng Selan myang nateng Kohkarib  
rajeng Yunan Ngerum lan ing Kebar  
samya pinendhet galihe  
kinulanan sadarum  
liya saking wong agung kalih  
Marmaya Arya Maktal  
ing panganggepipun  
sami lan Sang Kakungingrat  
dhasar waged sembada dedeg respati  
bagus nitih wacana.
6. Andhap ambeke alus prakati  
wani kasor momot paramarta  
putus ing kaprawirane  
pulihan tyasira ndulu  
pan Wong Agung Surayengbumi  
sapejahira Bahman  
malah kapara sru  
marang Raja Kewusnendar  
genge kang sih acipta pinaring kanthi  
ing Hyang Jawala Ngujwa.
7. Suka tyasira wadya geng alit  
katutugan neng nagri Yujana  
tan ana kukurangane  
akasukan anutug  
para ratu sagarwa siwi

resep ingkang pasaban  
Kewusnendar Prabu  
atur wanodya lilima  
endah-endah samya santananireki  
mring Prabu Kewusnendar.

8. Ingkang bibi nateng Yujaneki  
ingkang sepuh pinanggihken lawan  
nateng Kohkarib arine  
sinungaken Lamdahur  
kadangira nak-sanak nenggih  
kang sepuh katur marang  
sang Prabu Tamtanus  
kang anom sang nateng Kebar  
arinira lan rajeng Rum wus apanggih  
sareng paningkahira.
9. Rinengga mring sang Surayengbumi  
ratu ingkang sami mangun krama  
ingestrenan sadayane  
lajeng bujana nginum  
amamantu gangsal sang aji  
titiga sami kadang  
naking sanakipun  
bibu kakalih punika  
mila kasok tresnane sang Jayengmurti  
mring Raja Kewusnendar.
10. Denya kakancan lan para aji  
lagya sawulan apan wus kadya  
sapuluh warsa rakete  
yen ta sampuna ratu  
ngilangaken ing tatakrami  
saking nelas duduga  
lair batinipun  
wagede nateng Yujana  
mirapeti mring sagung para narpati  
arang basan binasan.

11. Kuneng wau kang lagya mangun sih  
kawuwusa rajaputri Cina  
kang agung oneng driyane  
metak wiyoganipun  
amiyarsa yen sri bupati  
Kewusnendar kabala  
mring sang Jayengsatru  
sampun ngadhaton jro pura  
saha bala dene sang rajeng Medayin  
lolos nedya mring Kelan.
12. Tambuh solahé sang rajaputri  
arsa seba mring sang Kakungingrat  
nedya nuwun apurane  
langkung lingsem jrihipun  
dadya mepak raja branadi  
peni-peni ing Cina  
nenggih sewu pikul  
nempuh ing pikir kadadak  
aruruba mring sang rajaputri kalih  
Parangakik Karsinah.
13. Gangsal atus gotongan asami  
papatihe ing Cina dinuta  
mring Jayengmurti jujuge  
duk siniweng wadya gung  
aglar ingkang para narpati  
panangkilan Yujana  
caraka tumanduk  
ing ngarsa wus ingandikan  
kyana patih ing Cina eram ningali  
gunge kang para raja.
14. Lan cahyane sang Surayengbumi  
kadi dene padhaning manungsa  
duk mangsa sangka sunare  
katur saaturipun  
yen dinuta marang sang putri

tur-atur maring kang garwa  
ngaturi pisungsung  
Wong Agung Surayengjagad  
angurmati kondur ngadhaton sang Amir  
sapraptanireng pura.

15. Garwa kalih ingandikan prapti  
dutanira rajaputri Cina  
ngandikan manjing purane  
angandika Wong Agung  
heh dutane sang rajaputri  
kinongkon gustinira  
marang garwaningsun  
lah mara sira tembungna  
nora kena yen ingsun ingkang nanggapi  
yekti kurang utama.
16. Utamane pan sira pribadi  
sunlilani sira tembungena  
mring garwaningsun karone  
patih Cina wotsantun  
ila-ila pun patik gusti  
ajrih lamun matura  
ing garwa pukulun  
pan amung matur ing tuwan  
ya ta mesem ngandika sang Jayengmurti  
ora teka matura.
17. Patih Cina umatur wotsari  
dhuh pukulun kawula dinuta  
ing rayi paduka angger  
Retna Sudara bendu  
sarwi mesem heh paman patih  
pan luput aturira  
ika kangjeng ibu  
garwane Prabu Nusirwan  
teka sira enomaken marang mami  
tumpang suh iku paman.

18. Kyana patih lir konjem ing siti  
putri Karsinah gumujeng latah  
kakang embok salah gawe  
saungel-ungelipun  
angandika Sudarawreti  
heh yayi walik sumpah  
duraka wakingsun  
ngandika mring duteng Cina  
paman patih jeng ibu paring punapi  
marang sariraningwang.
19. Kyana patih matur awotsari  
inggihih peni-peni saking Cina  
gusti akathah warnine  
punika pemutipun  
serat cacah wus dentampani  
brana jro kadhatun  
duteng Cina pinaringan  
pinisalin matura jeng ibu paring  
banget panuwuningwang.
20. Duta nembah mring sang Jayengmurti  
tuwin marang garwa kalihira  
saking jro pura wus lengser  
langkung pangungunipun  
ing murahe sang Jayengmurti  
lampahe tan winarna  
ing pakuwon rawuh  
lajeng manjing pasanggrahan  
kyana patih wus prapteng ngarsaning gusti  
umatur atur sembah.
21. Katur sadaya lampah tinuding  
angandika rajaputri Cina  
iya bapa kaya priye  
tutura purwanipun  
lakunira katemu ngendi  
kyana patih tur sembah

pukulun Wong Agung  
kapanggih duk siniwaka  
pancaniti balane kadya jaladri  
kang para raja-raja.

22. Kadya dede ratu manungseki  
pantes ratu ing Purabuwana  
sembada lan kukuwunge  
cahya nukmeng sitangsu  
kula prapta matur wotsari  
Wong Agung Parangteja  
pantes kang umatur  
pantese kang ingaturan  
lamun duta saking ing paduka gusti  
tur-atur mring kang garwa.
23. Nunten kondur ngadhaton sang Amir  
prapteng pura amba tinimbangan  
manjing kadhaton nahangger  
kapanggih denya lungguh  
garwa kalih sampun sinandhing  
kula binen nembungna  
dhateng garwanipun  
kula jrih mopo pineksa  
amba matur dhateng putri Parangakik  
saweg angsal rong kecap.
24. Nunten anyendhu Sudarawreti  
sarwi mesem luput iku paman  
sira basakaken anem  
pan ika kangjeng ibu  
ing kang garwa nateng Medayin  
aja aweh wilalat  
mring sariraningsun  
kang satunggil nunten latah  
kang paparab Retna Sirtupelaheli  
putri adi Karsinah.

25. Sarwi matur kang mbok salah kardi  
kajengipun inggih singa-singa  
sasenenge mbasakake  
Retna Sudara muwus  
nora ilok heh yayi dewi  
wong tuwa dadi mudha  
sungsang sarik seru  
ing batin awew wilalat  
ngendi ana ibu binasakken yayi  
sayekti walik sumpah.
26. Ingkang raka sang Surayengbumi  
boten segu kendel tan ngandika  
kang rayi boten tinoleh  
duk miyarsa sang ayu  
raja putri Cina lon angling  
bapa nora kayaa  
numbras temen iku  
apa pakone kang lanang  
nanging nora sun watara bapa patih  
kyana patih tur sembah.
27. Kadi boten putri Parangakik  
tan katawis yen kinecekana  
estu yen karsane dhewe  
dhasar putri pinunjul  
limpad pasang grait lantip  
mberanyak kasembadan  
manise kang tembung  
angel gusti ngupadosa  
soring wiyat kadi puri Parangakik  
pantese yen micara.
28. Dene Retna Sirtupelaheli  
gandes luwes tur raga karana  
sekepe wikana nggene  
punika si wong patut  
datan wonten sarune sami

sang retna angandika  
metuwa karuhun  
kya patih tur sembah medal  
putri Cina tontonen ingkang pawarti  
tyasnya wayang-wuyungan.

29. mBan Siwangsiwung maksih neng ngarsi  
angandika rajaputri Cina  
iya biyang kaya priye  
numbras temen Wong Agung  
sagarwane menthel kepati  
padha macuk maringwang  
milu basa ibu  
upama ingsun cidraa  
ingsun dhustha aprang tandhing ngadu sekti  
upama sunpedhanga.
30. Kaya rampung putri Parangakik  
sunsabeta ing talikemtular  
rontang-ranting kuwandane  
mendahane Wong Agung  
duka nempuhaken mring mami  
ngendi nggon angupaya  
kaya kang mbok iku  
candhala angur uripa  
lothung-lothung kang mbok putri Parangakik  
yen ingsun kaluputan.
31. Enggoningsun angladeni laki  
marang Wong Agung Surayengjagad  
nora nana prayogane  
kang pantes mulang muruk  
kang prasasat jeng ibu sori  
amung kang mbok Sudara  
ngelingna maringsun  
kang mbok putri ing Karsinah  
menthel temen milu memoyok mring mami  
upama sunpedhanga.



32. Sun panaha tugel jangganeki  
mendahane ingkang duwe garwa  
sataun muring-muringe  
nempuhaken maringsun  
nora antuk ingsun ngulati  
kaya kang mbok Karsinah  
cendhalane muput  
cendhala angur uripa  
katon temen kang mbok Sirtupelaheli  
sok tawa dhahar rujak.
33. Kuneng kang agung among wiyadi  
awuyungan lir edan kabuyan  
andina tambuh solahé  
gantya ingkang winuwus  
Sri Bathara Anyakrawati  
prapta ampeyan Kelan  
Gajahbiher methuk  
wus angirabaken bala  
baris kuda winatara tigang kethi  
lalampahan sasiyang.
34. Tepung sungut lan wadya Medayin  
ingaturan uning Sri Nusirwan  
Gajahbiher pamethuke  
ya ta kendel Sang Prabu  
piyak wadyabala Medayin  
praptane Patih Kelan  
ing ngarsa wus tundhuk  
tur sembah ulun dinuta  
ing putranta sang Prabu Kelan Jajali  
mondhonggi Jeng Paduka.
35. Kapiyarsa yen kasor ing jurit  
kabujung saking nagri Yujana  
kang sagah ngekahi mangke  
putra tuwan sang prabu  
Sri Bathara Kelan Jajali

Nusirwan duk miyarsa  
suka manthuk-manthuk  
heh Patih liwat tarima  
pangukupe Anak Prabu Kaelani  
welas marang pun Bapa.

36. Anak Gajahbiher sira iki  
ndhinginana matur ing sang nata  
mung tinggala mantri bae  
angirid lakuningsun  
kyana patih Kelan wotsari  
tilar kuda saleksa  
mantrinya sapuluh  
lampahira sigra-sigra  
kyana patih ing marga datan winarni  
wus prapteng nagri Kelan
37. Katur marang Sri Kelan Jajali  
Sri Narendra gya ngundhangi bala  
siyaga methuk praptane  
Sang Prabu ing Medayun  
tigang yuta wadya umiring  
kadya giri kusuma  
budhale Sang Prabu  
respati nitih dwipangga  
rajeng Kelan songsong pitung dasa ngapit  
upacara ing ngarsa.
38. Asri busananing pra dipati  
amakuwon dohe saking kitha  
tiga tengah jam punjule  
anenggih tigang menut  
cinarita ing tigang ari  
ana ing pasanggrahan  
ing pamethukipun  
kuneng ingkang kawuwusa  
putri Kelan estu punjul ing sabumi  
mberanyak kasembadan.

39. Sarwa pantes pideksa respati  
datan wonten sarune samendhang  
angundhung-undhung manise  
tuhu ratuning ayu  
parekane samas kenya di  
putri ingkang katawan  
prajane pinukul  
marang Dewi Kelaswara  
ratunipun kasor prang ngaturken putri  
suwita mring kang rama.
40. Panahira sang rajapinutri  
Kelaswara pinanahna arga  
sapta guntur temah lengser  
pedhangira sang ayu  
pinedhangna ing gajah wesi  
sigar palih naratas  
lawunge sang ayu  
linawungena ing arga  
sapta lolos tan kena denparisani  
panjunjunge sang retna.
41. Liman sapuluh kinarya undhi  
meng-amenge kala timur mila  
blegdaba kinarya cantheng  
mila kang para ratu  
Tanah Ajam samya kajodhi  
mangkana sang lir retna  
pamiyarsanipun  
kang rama badhe tamuwan  
parangmuka buburone denkukuhi  
kang ngungsi marang Kelan.
42. Animballi pra cehti prajurit  
kawan atus lurahe sakawan  
lumrah kang jinara menter  
kang tinatah malurud  
kang tinumbak angujiwati

mungkur lamun pinedhang  
kumemprang pan putung  
kathah kang winadung mendat  
kang cinundrik ngalirik lir denlik-ilik  
alatah tan kerasa.

43. Yen ginada napel asta kering  
angandika rajaputri Kelan  
tatanya marang embane  
paran wartane biyung  
ing tedhake saking nagari  
jeng rama ji amapag  
ratu ing Medayun  
kang duwe buburon sapa  
nembah matur Emban Sumbita mring gusti  
ri sang mangun srinata.

**33. PRABU NUSIRWAN MIRSANI KADIBYANIPUN  
RETNA KELASWARA NALIKA AJAR PRANG**

**SINOM**

1. Angger kawula miyarsa  
kang pinethuk ing rama ji  
wasta sang Prabu Nusirwan  
Anyakrawati Medayin  
binujung denkukuhi  
dhateng Ramanta Sang Prabu  
kang darbe bubujengan  
Wong Agung Surayengbumi  
ing samangke wonten nagari Yujana.
2. Mirsaa yen kinukuhan  
burone pasthi ndhatengi  
Wong Agung Surayengjagad  
balane kadya jaladri  
kasub anglalanangi  
sugih bala para ratu  
rong kethi pitung leksa  
punggawane tanpa wilis  
dereng wonten ing mangke nimbangana.
3. Ratu sangisoring wiyat  
tangeh angundha-usuki  
kadi Wong Agung Kupauman  
Kalana Anjayengmurti  
pinet mantu ratu jin  
nateng Ngajerak pukulun  
apatutan satunggal  
Nata Dewi Kuraisin  
milanipun yen kula purun matura.
4. Inggih mbok sampun minengsah  
Wong Agung Surayengbumi  
kawula giris miyarsa

gunge wadya kang para ji  
mbok sampun denkukuhi  
inggi burone puniku  
luwung denaturena  
sampun kongsi dados jurit  
sang Kalana Surayengjagad prawira.

5. Malah kawula miyarsa  
panganjure kang ninitik  
ing salasahe Nusirwan  
kendel neng dhusun paminggir  
dene sang Jayengmurti  
punika ingkang anuduh  
Wong Agung Parangteja  
kang darbe utusan gusti  
cundakane para ratu pitung dasa.
6. Dene wadyane sadaya  
wonten tigang atus kethi  
kulangger sok ngimpi ala  
inggi nagri Kaelani  
katingal banjir getih  
keleban lalarenipun  
dene angger paduka  
katingal sajroning ngimpi  
pan lininting munggeng jroning sekar pudhak.
7. Ingkang anglinting wikana  
kentar lumembak jeng gusti  
jroning samodra ludira  
abdi paduka pra cethi  
katingal sami angling  
dhateng kawula pukulun  
nyai sajroning pudhak  
punika gusti sang putri  
abdi samya nututi boten kacandhak.
8. Dadya anangis sadaya

nunten geger saking wuri  
loking wong kang kathah-kathah  
padha mireya denaglis  
ana satriya mantri  
ya iku gustining mungsuh  
Wong Agung Kakungingrat  
agupuh kawula tolih  
mung satunggal anitih turangga pelag.

9. Lamun ing mangke wontena  
tiyane amba tan pangling  
pekik dedege pideksa  
cahyane apindha sasi  
sakapraboning jurit  
wayahe satengah sepuh  
nanging kadya jajaka  
prak ati sedhep amanis  
jro pangipen gusti kawula kasmaran.

10. Sarwi angetap turangga  
sekar pudhak dentututi  
nglangi samodra ludira  
cinandhak pudhake keni  
anulya densangelit  
turanggane nulya wangsul  
nunten kaget kawula  
geragapan lajeng tangi  
mila maras raose manah kawula.

11. Angling Dewi Kelaswara  
biyang ingsun iya ngipi  
Taman Lulut udan lintang  
ingsun katon anjupi  
tuk telulas sunkandhuti  
kumabruk rembulan runtuh  
tiba ing pangkoningswang  
kaget ingsun nuli tangi  
geragapan lintang sunkandhut tan ana.

12. Kelingan lamun supena  
biyang impeningsun becik  
impenira iku ala  
tur sembah inggih manawi  
praptaning mengsah benjing  
wonten awon penedipun  
layak mangkono biyang  
apa wani mungsuh iki  
yen banjura amukul nagari Kelan.
13. Waniya nora kayaa  
langar temen sunarani  
jampeng nora tuku warta  
yen Prabu Kelan Jajali  
duwe putri prajurit  
tate mbanda para ratu  
agung agung katawan  
kena madyaning ngajurit  
nora talah prajurite wong Kuparman.
14. Kuneng rajaputri Kelan  
kang lagya siniweng cethi  
wau ingkang kawuwusa  
sang Prabu Kelan Jajali  
pamethuke wus panggih  
lan kang rama ing Medayun  
sigra Prabu Nusirwan  
langkung denira minta sih  
marang Prabu Kelan Jajali ing Kelan.
15. Lajeng wau ingaturan  
budhal manjing jro nagari  
sira sang Prabu Nusirwan  
sawadya balanireki  
sapraptaning nagari  
ing Kelan lajeng ngadhatun  
kang rama ingaturan  
sira sang rajeng Medayin



sawadyane makuwon ing siti bentar.

16. Kalangkung sinungga-sungga  
Sri Bathara ing Medayin  
tinutug sasukanira  
dene ratu nyakrawati  
ngumbara ngungsi-ungsi  
katoring-toring binuru  
gumrahe kang pawarta  
singa-singa kang denungsi  
kinasorken aprang lan sang Kakungingrat.
17. Sang Ibu Bardini Kelan  
ya Prabu Kelan Jajali  
langkung wlasireng bathara  
nyakrawati ing Medayin  
wagede kiya patih  
Bestak aminta sihipun  
bang-ebang kang ingajap  
Kalana Jayadimurti  
begjanipun ing tembe kang ngawonena.
18. Dene boten wonten adat  
Wong Agung sajege urip  
mila sang prabu ing Kelan  
purune ngedet kapati  
dening keneng mamanis  
Bestak ing pangunggaripun  
mangkana sri narendra  
ing Kelan lagya siniwi  
Sri Nusirwan ingaturan manjing pura.
19. Wus samya tata alengguh  
sang Prabu Kelan Jajali  
ingkang putra tinimbalan  
Kelaswara prapteng ngarsi  
parekanya sang putri  
samas angayap sang ayu

samya kinen biyasa  
ajar ajar ing ngajurit  
sapawonganira wus samya siyaga.

20. Pinalih ingkang pawongan  
ingaben ajar ing jurit  
arame panah-pinanah  
tumbak-tinumbak pra sami  
pedhang-pinedhang uthik  
acaruk duduk-dinuduk  
eram Prabu Nusirwan  
mulat pratingkahing estri  
tanpa karya gagaman tumameng angga.
21. Nulya sang putri tumedhak  
ngawaki cethi sapalih  
pinalih malih punika  
sinungken ingkang sasisih  
dadya sang rajaputri  
kang pinangku amung satus  
tigang atus kinarya  
anglawanana ing jurit  
tinengaran kendhang gong beri sauran.
22. Wonten dipangga sadasa  
kang sinaosken sang putri  
cethi tigang atus mangsah  
kang satus pinurweng jurit  
tinempuh nganan ngering  
panah passer ting palencut  
singsal tumibeng asta  
kang ruket pating carengkling  
emar-emar wong Medayin maras mulat.
23. Parekan satus kasoran  
ngunsi wurine sang putri  
gagamane sampun sirna  
binerek kongkih katitih

sigra sang rajaputri  
tutulung ingkang keplayu  
gajah kalih cinandhak  
neng astane kanan keru  
pan ingikal gajah mubeng lir likasan.

24. Binandhemaken mring mengsah  
pinaliwat pan winangsit  
gajah sumyur kalih pisan  
kang binandhem angoncati  
gajah sapuluh enting  
aneng ing siti maledug  
anulya tinetegan  
luwar kang ajar ing jurit  
Kelaswara wus marek ngarsaning rama.
25. nJentung kang samya umiyat  
pra dipati ing Medayin  
angguguk Kya Patih Bestak  
Nusirwan angantroh wentis  
sagung wadya para ji  
Medayin suka kalangkung  
sajege minta-sraya  
tan antuk kadi samangkin  
samya suka wong Medayin nutug suka.
26. Angrasa yen katandangan  
wong Arab samangsa iki  
saking prayoga srayanya  
prajriut jalu lan estri  
tegese animbangi  
lan Ngarab prajuritipun  
wau ta Sri Nusirwan  
dangu denira ningali  
Kelaswara kathah karaos ing nala.
27. Wangun sanginggiling tenggak  
kadi Retna Muninggarim

netra miwah pipilingan  
larapan imba ngeblegi  
netra grana myang lathi  
sadaya anunggil wangun  
amung kaot mberanyak  
anteng Retna Muningarim  
Kelaswara lan Sudarawreti kembar.

28. Pideksanira Muningar  
putri Kelan Parangakik  
titiga nunggil dedegnya  
mung sanes lelewaneki  
Muninggar njetmikani  
putri kakalih puniku  
ingkang kembar lelewa  
putri Kelan Parangakik  
Kelaswara lan Sudarawreti samya.
29. Sami mberanyak sembada  
sasolahe ngrespateni  
sami manising wadana  
esem sedhepe pan sami  
parek atine nunggil  
ngagetaken kang andulu  
gandese wong sajagad  
wus aneng sang putri Kalih  
rerebete kang denedum wong sajagad.
30. Kuneng kang amangun suka  
Nusirwan Kelan Jajali  
lan sawadya punggawanya  
aneng nagri Kaelani  
gantya wau winarni  
Arya Maktal dutanipun  
ratu kang pitung dasa  
nenggi kang samya ninitik  
salasahe kang enungsi mring Nusirwan.

31. Ing mangke sampun tetela  
aneng nagri Kaelani  
denya ngunsi kinukuhan  
mring Raja Kelan Jajali  
sagah tandhing ngajurit  
anyirnakena anggempur  
mring sang Surayengjagad  
wau ta ingkang winarni  
ing Yujana Wong Agung ngungkurken karya.

## 24. DHATENG NAGARI KELAN

### PANGKUR

1. Wong Agung asiniwaka  
aglar sagung punggawa kang para ji  
Arya Maktal nembah matur  
pukulun rama tuwan  
Sri Bathara panggenane sampun temtu  
lawan sawadya punggawa  
wonten nagri Kaelani.
2. Kang denungsi rajeng Kelan  
pan tumanggah Prabu Kelan Jajali  
mengsah paduka pukulun  
putrinipun prawira  
Kelaswara tate mbanda para ratu  
milane sagah samangsa  
mengsah lan paduka Amir.
3. Wong Agung mesem ngandika  
wus karuwan yayi nateng Medayin  
iya nora arsa kondur  
anutugaken karsa  
wus tetela iya ing pangungsenipun  
Umarmadi undhangana  
wadya gung saos ing jurit.
4. Samangsane budhalingwang  
nanging wusa samekta kang para ji  
datan wande sun ngalurug  
amukul nagri Kelan  
dene mengko pan lagi klangenan ing sun  
suka neng nagri Yujana  
sandika sagung para ji.
5. Wau ta sang Kakungingrat  
neng Yujana kacaryan acangkrami

denya kalangenan nutug  
ing wana myang ing toya  
lan kasengsem tresna marang ratunipun  
Kewusnendar ing Yujana  
Wong Agung langkung denya sih.

6. Mangkana duk abujana  
Jayengmurti lan saguning para ji  
alon ngandika Wong Agung  
yayi prabu Yujana  
nagri Kelan pira ta lalakonipun  
dharate saking Yujana  
Kewusnendar awotsari.
7. Pukulun pan kalih wulan  
ngaler ngetan inggih saking ing ngriki  
layaran pitulas dalu  
wates pan karocokan  
nagri Kelan tetengahan leresipun  
tampinganipun kang wetan  
lan ing Cina nunggil wangkid.
8. Kang ler tampingane nunggal  
lan ing Ngindi kang kidul nunggil wangkid  
lan kakang Prabu Lamdahur  
Lamdahur nambung sabda  
inggih saking Surati ler wetanipun  
wetan leres saking Kusta  
kilen Kusta tunggil wangkid.
9. Lan jajahan Rum punika  
ing Andeli lan Kusta tunggil wangkid  
Ngandeli kang tumut ing Rum  
kidul kilen tampingnya  
tunggil wangkid lawan Yujana pukulun  
kang kilen tamping Yujana  
lan ing Yahman tunggil wangkid.

10. Ing Kelan ratu prakosa  
widigdaya Prabu Kelan Jajali  
punika pan sutanipun  
Raja Bardini Kelan  
ratu wudhu ing aprang salaminipun  
tumitah neng ngalam donya  
inggih dereng angsal tandhing.
11. Wong Agung alon ngandika  
mring Lamdahur yayi rajeng Surati  
tuduhèn ndhingini laku  
ing Kusta lan ing Gedhah  
lan Selangur sandika Prabu Lamdahur  
parentah ing balanira  
ratu kang badhe ndhingini.
12. Rajeng Ngerum pinundhutan  
lan ing Ngindi Yujana Yahman sami  
ratu satus pitung puluh  
budhal saking Yujana  
panganjure sarta anglalar marga gung  
gunggungé kang bala kuswa  
wonten gangsal atus kethi.
13. Kang mangka cucuking lampah  
sang Suratisdaham rajeng Surati  
kalawan sang Raja Harnus  
ratu nagri Terkiyah  
lan ing Gedhah Raja Alam kang panganjur  
ing Kusta Raja Marekan  
Ngandeli Raja Berdasih.
14. Urunan wadya Yujana  
Raja Ukdur lawan sang Raja Kibsil  
lan Raja Bardidan Kandrun  
urunan Ngindi raja  
Dawud Danu lan raja Jerjani Biktur  
kadya parbata pawaka



saking Yujana lumaris.

15. Angken girindra puspita  
dadamele ratu kang miyanjuri  
ratu satus pitung puluh  
lepas saking Yujana  
nglalar marga ing wana wanarga gempur  
wus tebih ing lampahira  
asmara sagung para ji.

**35. PUTRI CINA NYUWUN MIMITRAN KALIYAN,  
DEWI SUDARAWRETI**

**ASMARADANA**

1. Kuneng wonten kang winarni  
reksasa papalajengan  
kabur saking ing dhangkane  
ing nguni ditya Jabal Kap  
nenggih ingkang susuta  
anama Wilraja Samum  
paparab Mardusindhula.
2. Sapejahe ramaneki  
Raja Samum tilar surat  
marang Mardu atmajane  
kulup ing sapatiningwang  
sira age lungaa  
aja dhedhangka sireku  
iya ana ing Wukir Kap.
3. Angungsiya kang abecik  
kang adoh saking Gunung Kap  
mbesuk ing Jabal Kap kiye  
tan kena kambah ing ditya  
wil diyu lan denawa  
yen masiha mantunipun  
iya sang nateng Ngajerak.
4. Wong Agung Surayengbumi  
Menak Jayengsatru Ngarab  
kang anggempur ditya kabeh  
yeku kang merung maringwang  
kang nggruwung grananingwang  
mila sang reksasa Mardu  
tapa neng Wukir Sindhula.
5. Wonten tigang atus nenggih

kang tumut dhangka Sindhula  
saking Kelan kidul kulon  
sadaya sami martapa  
wil Mardu wus puputra  
kakalih estri pinunjul  
tumul amartapeng bapa.

6. Nama Mardawa Mardawi  
kalih samya kinawasa  
bisa manjing ajur ajer  
dhasar pakartining ditya  
bisa laku mangkana  
nanging punika pinunjul  
sasama samaning ditya.
7. Mangkana miyarsa warti  
bungasing wana katrajang  
ing bala Jayengpalugon  
ingkang miyanjuri lampah  
anggegeraken wana  
burone samya keplayu  
andhempeng Wukir Sindhula.
8. Buron ageng-ageng sami  
gajah bantheng macan warak  
balegdaba senuk memreng  
njilma lajeng asuwita  
marang Mardu punika  
iya Mardu iya Jamum  
Mardujamum namanira.
9. Buron wana ngratu sami  
mring ditya Jamum akathah  
saking sanget sutapane  
miwah marang sutanira  
Ni Mardawi Mardawa  
ngawulakken buron agung  
Jamum kabul kang istijrat.

10. Dhasar raseksa wus sekti  
aja kudu nganggo tapa  
ditya wus sugih kasekten  
Raja Mardujamum ika  
winuwuhan martapa  
pinrih ing kasektenipun  
ngasorna isining jagad.
11. Miwah putra kalih estri  
pra samya mrih kaprawiran  
angajap pinunjul dhewe  
mangkana wau kang putra  
kalih samya ngandikan  
prapteng ngarsa ramanipun  
putra Mardawi Mardawa.
12. Raja Jamum ngandika ris  
babu nini ana karya  
nora wurung gawe gedhe  
iku satru kabuyutan  
nelasah marang sira  
ngupaya tedhake Samum  
kaya priye dayanira.
13. Raja Jamum sarwi nangis  
karaos wau kang rama  
pinaten Jayengpalugon  
kang putra kalih tur sembah  
inggih maras punapa  
numpesa sawadyanipun  
Wong Agung Surayengjagad.
14. Kawula rama kadugi  
inggih sadalu kewala  
ingkang kadi samodra rob  
Wong Menak sabalanira  
boten kantos rong dina  
paran karsa rama prabu

Raja Jamum angandika.

15. Rara ewuhe tyas mami  
nora kena ginagampang  
Wong Agung Jayengpalugon  
ditya sangisoring wiyat  
gempur Jabal Kap sirna  
tan kena tinulak iku  
dibyane si Kakungingrat.
16. Dene karepingsun nini  
becike pan pinirowang  
mrih kena rusake kabeh  
iki mupung aneng teba  
mentas mbedhah Yujana  
banjur mring Kelan anglurug  
yekti yen mbesuk miyarsa.
17. Yen ingsun maksih neng ngriki  
karana tan ana marga  
pantes kambah gaman gedhe  
kang anjog nagari Kelan  
amung Wukir Sindhula  
akeh pacangkraman patut  
ing wana miwah ing toya.
18. Nora narka awakmami  
alas iki yen kongsiya  
kambah ing Jayengpalugon  
dening doh kaliwat-liwat  
ing mengko karsaningwang  
sira lan arinireku  
arupaa wanodyendah.
19. Mring Kalana Jayengmurti  
padha amriha kagarwa  
wruhanira sutaningong  
sirnaa si Kakungingrat

yen Maktal durung sirna  
sayekti Maktal winangun  
kinarya silih Wong Menak.

20. Mring Dipati Guritwesi  
pasthi bisa angupaya  
kabeh kang nyidra ing tembe  
yen maksih si Parangteja  
kang padha gawe ala  
tumindak mamales ukum  
sira pan kaburak-burak.
21. Rembugingsun wau nini  
yen sira kongsi kagarwa  
miwah yen metu anake  
bisa angebas ambebas  
dene wus kasarira  
pineta sangkaning alus  
ludhesa nora kawruhan.
22. Kang putra kalih wotsari  
inggi leres karsa tuwan  
lamun wontena margine  
paran kinarya jalaran  
Raja Jamum ngandika  
sira maliha warneku  
putri manungsa kang endah.
23. mBesuk yen makuwon lami  
Wong Menak aneng Sindhula  
iya ing kono patrape  
nini ing paekaningwang  
wus mateng kang rinembag  
kuneng malih kang winuwus  
kang wonten nagri Yujana.
24. Wong Agung Surayengbumi  
lan sawadya para nata  
patang puluh dina lete

budhale panganjurira  
ing wuri asiyaga  
dene kendele Wong Agung  
ginubel ing para garwa.

25. Garwa putri Parangakik  
lawan putri ing Karsinah  
kang samya nggubel kalihe  
dening rajaputri Cina  
agung tampi ruruba  
mariya abasa ibu  
sanget ing panuwunira.
26. Malah prasetya tan sipi  
agung denya tampi surat  
nuwun sanget papacake  
yen datan keni sasambat  
ing tembung maratuwa  
kang mbok kawula mit lampus  
kaseksena ing paduka.
27. Dadya surate sang putri  
kang marang Retna Sudara  
katur ing Jayengpalugon  
gya nimbali kalihira  
Marmaya Arya Maktal  
sapraptaning jro kadhatun  
kinen maosa kang surat.
28. Adipati Guritwesi  
maos srate putri Cina  
pupuji marang Ong Ting Te  
katura serat kawula  
inggih pun Adaninggar  
katur paduka pukulun  
Retna Sudarawretika.
29. Putri adi Parangakik

tuwin putri ing Karsinah  
kawula tur saisine  
peni-peni saking Cina  
kalih ewu gotingan  
pun bapa ji kang kikintun  
saweg dhateng kawan dina.

30. Kamipurun kaping kalih  
kawula tur pejah gesang  
aksamanen sang lir sinom  
kang mbok Sudarawretika  
paduka mantunana  
mring kawula basa ibu  
kawula atur prasetya.
31. Yen paduka tan mantuni  
kawula asuduk jiwa  
wonten ing ngarsa kakang mbok  
lamun kenginga kawula  
sowan dhateng paduka  
prasasat aparing umur  
nambung kawan dasa warsa.
32. Pitungkase jeng rama ji  
kang mungel jro surat warah  
inggi makoten welinge  
babu nini denwaspada  
iya nadyan akeha  
putri dadi garwanipun  
Wong Agung Surayengjagad.
33. Amung putri Parangakik  
Retna Sudarawretika  
suwitanana ta angger  
lair batin anggepira  
rengkuhen ibunira  
iku putri potang umur  
mring Wong Agung Kakungingrat.



34. Lawan denira akrami  
Retna Sudarawretika  
esah lawan Ong Ting Te-ne  
iya tan mawa kinarya  
padha padha manungsa  
Jeng Nabi Ibrahim iku  
sarta Hyang Latawal Ujwa.
35. Kang nggawa parentah kawin  
marang sang Retna Sudara  
marmane denbisa angger  
suwita Retna Sudara  
wreti putri utama  
angukuhi beneripun  
milalu ambuwang kadang.
36. Lawan Sirtupelaheli  
putri adi ing Karsani  
padha kulanana angger  
makaten ingkang pitungkas  
rama ji mring kawula  
dhuh kakang mbok raganingsun  
atur prasetya prasapa.
37. Lamun paduka anampik  
tan arsa andasihena  
dhateng kawula wiyose  
kawula sakethi merang  
mantuk mring nagri Cina  
dhuh kakang mbok raganingsun  
rengkuhen kula mawongan.
38. Adipati Guritwesi  
angling marang Arya Maktal  
yayi mas ingsun wus weroh  
warnane sang putri Cina  
dudu pantese ika  
putri senggrang watekipun

nora patut laku sopak.

39. Arya Maktal ananduki  
yektine puniku kakang  
ing pawarti titah tanggon  
nanging ta kudu dilalah  
dhompone ing pratingkah  
putri memelas satuhu  
lalakone putri Cina.
40. Nambungi Sudarawreti  
apan sarwi nenggak waspa  
iya yayi mas kapriye  
lamun ingsun anampika  
mitra lan putri Cina  
aranana awakingsun  
yayi kalebu wong apa.
41. Miwah kakang Adipati  
Tasikwaja aranana  
becik endi raganingong  
anampik kalawan tampa  
setyane putri Cina  
sigra nembah sarwi matur  
Wong Agung ing Prangteja.
42. Inggih sae anampeni  
larnun paduka nampika  
niaya kakandhangane  
menggah Hyang Suksma winastan  
inggih nampik nugraha  
wajib ngukup kawlas ayun  
tutulung wong sudra papa.
43. Wau kalane miyarsi  
Wong Agung Surayengjagad  
Arya Maktal ing rembuge  
marang ing Retna Sudara

tuwin Ki Umarmaya  
mesem ngandika Wong Agung  
lah yayi mas Parangteja.

44. Paran nggonira ngalingi  
iya mring sariraningwang  
darapon aja kagepok  
nisthane sariraningwang  
luputa ing pocapan  
Arya Maktal nembah matur  
gampil panatasing nyawa.

### 36. NGLULUSAKEN PAMITRANIPUN PUTRI CINA KALIYAN DEWI SUDARAWRETI

#### MEGATRUH

1. Apan tuwan inggih boten tumut-tumut  
pan amung sang rajaputri  
kan darbe karsa punika  
mimitran sami pawestri  
lan sarate pisah enggon.
2. Sanalika mbucal raosan pukulun  
pan paduka anyar krami  
putri Kuwari puniku  
garwa paduka kakalih  
mingsera nebih ing enggon.
3. Lawan wonten loking jana sasabipun  
sang rajaputra kakalih  
wus diwasa wayahipun  
mawat binagi para ji  
para nata sapratelon.
4. Pan kawul akang nganthi sadumanipun  
ing kang kawula emongi  
Raden Jayusman puniku  
lan ibune atut wuri  
sayekti pisah pakuwon.
5. Kang saduman kang nganthi yayi Tamtanus  
dene kang dipunemongi  
Rahaden Ruslan puniku  
saibune atut wuri  
inggih pisah kang pakuwon.
6. Ing kang kantun saduman kang para ratu  
lah sira Kakang Dipati  
Marmaya nganthiya iku  
ngareni umiring gusti

wong kabeh padha parungon.

7. Ingundhangken sayekti nunten misuwur  
sinten ingkang amastani  
punika nunten pinupu  
ing Cina sang rajaputri  
yen sampun sami kalakon.
8. Boten wonten pawong sanak cacadipun  
mimitra samining putri  
sayekti tan ana iku  
nggraitani paduka Mir  
ujer sampun seje enggon.
9. Ya ta mesem ngandika wau Wong Agung  
iya bener iku yayi  
pratikelira puniku  
kalis ing sarira mami  
sayekti nora kagepok.
10. Pan karsane dhewe yayi karo iku  
pawong sanak padha estri  
sapa manganana iku  
rajaputri Parangakik  
gumujeng tyasnya cumemplong.
11. Dalanane yayi aywa na sireku  
rembug iki tanpa uwis  
si kakang Umarmayeku  
wong tuwa sok kidah-kidih  
alingan ajrih katanggor.
12. Umarmaya tumenga sarwi macucu  
mele-mele amundelik  
dhing dhang dheng dhung iya dheng dhung  
inggi leres sang suputri  
kawula ajrih katanggor.
13. Tur kawula sakethi welas satuhu

dhateng ing Cina sang putri  
lan ragi maras ing kalbu  
mungguh ing batin kaeksi  
pratingkah karya saking wong.

14. Boten wande mames ing anak putu  
kang kantun darmi ngalampahi  
sadaya samya gumuyu  
Retna Sirtupelaheli  
nambungi yen uwis dados.
15. Mau mau padha angrasa pakewuh  
Kang Dipati Guritwesi  
tuwa pijer mingak-minguk  
nora wani angurebi  
anglinter sok kurang sagoh.
16. Ya ta wau pangandikanira arum  
Wong Agung Surayengbumi  
yayi bagenen dengupuh  
Umarmadi milu mami  
pangarep kang milu mring ngong.
17. Tur sandika wong agung kalih gya metu  
sapraptanira ing jawi  
parentah ing para ratu  
pinartiga sampun dadi  
pandume kang para katong.
18. Wau putri Parangakik wus angutus  
surat marang rajaputri  
ing Cina sarta kikintun  
sinemayan dentimbali  
iya mbesuk yen wus bodhol.
19. Saking nagri Yujana sida ngalug  
marang nagri Kaelani  
ana ing marga yen dalu  
sira yayi suntimbali

marang pasanggrahaningong.

20. Suratira Sudarawreti kang rawuh  
mring Cina sang rajaputri  
binuka dangiyahipun  
ngela-ela nganyut galih  
sang putri mrebel metu loh.
21. Langkung suka kagete kang wetu eluh  
pan dudu eluh prihatin  
seger awak mari lesu  
acipta sang rajaputri  
Parangakik nganthi mring ngong.

**37. BIDHALIPUN WADYABALA KUPARMAN  
BADHE NGLURUG DHATENG KELAN**

**KINANTHI**

1. Wus lejar saking kang wuyung  
tyasira sang rajaputri  
ing Cina Retna Daninggar  
nalika ningali tulis  
saking Sudarawretika  
putri adi Parangakik.
2. Yen wus salin tembungipun  
mangkya basa yayi dewi  
aprasasat sinatmata  
mring Wong Agung Jayengmurti  
surate Retna Sudara  
agung deniling-ilingi.
3. Tembungira manis **arum**  
sedhepe amuket ati  
bisa gawe ela-ela  
kakang mbok **Sudarawreti**  
gandes luwese pasaja  
kaduk manise respati.
4. Nyer-nyere terus sungsum  
ting kaleler aneng kulit  
ting sarenut aneng manah  
kakang mbok Sudarawreti  
bisa gawe enggaring tyas  
putri musthikaning bumi.
5. Angundhangi balanipun  
wong Cina kang pra dipati  
kyana patih dhinawuhan  
myang sagung satriya mantri  
kinen anabuh gamelan



biola lawan seruni

6. Sami suka kang wadya gung  
denya lejar tyasing gusti  
kuneng gantya winursita  
Wong Agung Surayengbumi  
ngundhangi bala samekta  
sakapraboning ngajurit.
7. Sagung para ratu-ratu  
enjing anembang tengari  
gumuruh swaraning bala  
kadya belah kang pratiwi  
sira Prabu Kewusnendar  
tinuduh mbarepi baris.
8. Minangka menggalanipun  
piyanjur panata baris  
budhal wadya ing Yujana  
tigang yuta busana sri  
kadya parbata puspita  
prajurite becik-becik.
9. Raja Ukdiyar neng ngayun  
panuntun lampahing baris  
rempek sawadya balanya  
sumundhul kang pra dipati  
para ratu ing Yujana  
sapangkat-pangkat tulya sri.
10. Sira Kewusnendar Prabu  
ginarebeg pra dipati  
respati nitih turangga  
ing wuri ingkang nambungi  
Raja Samsir Ibu Buldan  
narpati ing Kandhabumi.
11. Gumrah sawadya bala gung  
ingkang sumundhul ing wuri

ing Kang sang Raja Ukman  
nulya Prabu Yusup Adi  
enjange malih ing wuntat  
Raja Kemar kang nambungi.

12. Nitih dipangga sang prabu  
ginarebeg pra dipati  
kathah lamun cinatura  
saguning para narpati  
budhale saking Yujana  
Wong Agung Surayengbumi.
13. Anitih pun Askardiyu  
sinongsongan tunggul asri  
ginarebeg para raja  
satriya punggawa mantri  
para kadang wurinira  
asri lampahing prajurit.
14. Ing wana wanagra gempur  
kambah kathahing lumaris  
wadyabala ing Kuparman  
kadya ladhu ladhu mili  
antara ing pitung dina  
ing wuri budhalireki.
15. Para nata wadyanipun  
Wong Agung Parangtejeki  
among ing Raden Jayusman  
sang Retna Sudarawreti  
asri upacaranira  
wadyabala Parangakik.
16. Saguning kang para ratu  
sapalih lumakyeng ngarsi  
sapalih lumakyeng wuntat  
sawadyabalanireki  
lir prawata kembang-kembang

angebeki wana giri.

17. Nulya malih enjangipun  
ing kang sumundhul ing wuri  
Prabu Tamtanus ing Yunan  
sawadyabalanira sri  
kang among ing Raden Ruslan  
tan pisah lan ibuneki.
18. Karsinah Retna Rabingu  
saupacaranira sri  
wadya bala ing Karsinah  
tuwin kang para narpati  
kang umiring Raden Ruslan  
sapalih kang munggend ngarsi.
19. Sapalih lumakyeng pungkur  
sawadyabalanireki  
kapungkur nagri Yujana  
ing praja semune mamring  
budhale wadya Kuparman  
kadya ombaking jaladri.
20. Luber mbalabar wana gung  
saking kye hning kang para ji  
wadyane tanpa wilangan  
mberanang lir parwatagni  
kuneng kang lagya lalampah  
wadyabala Kuparmani.
21. Wuwusen ratu panganjur  
satus pitung dasa prapti  
jajahan nagari Kelan  
mbabahak desa paminggir  
busekan dhusun tampingan  
geger mantrine nggambuhi.

### **38. RAJA KELAN JAJALI NGRAOSI MENAK JAYENGMURTI**

#### **GAMBUH**

1. Turangga lir susulung  
wong tampingan wong jro kitha bubul  
wira wiri kang mriksa gegerireki  
wong tampingan kapalayu  
giris praptane kang mungsoh.
2. Ya ta wau sang prabu  
Kaelani nenggih kang winuwus  
sira Raja Kelan Jajali tinangkil  
aglar punggawa gung-agung  
miwah kang rama sang katong.
3. Sang prabu ing Medayun  
Patih Gajahbiher awot santun  
dhuh pukulun kang dados gegering jawi  
panganjur ing mengsah rawuh  
anitik badhe pakuwon.
4. Datan wande anglurug  
Prabu Nusirwan ingkang jinujug  
yen paduka ngekahi rajeng Medayin  
nagari Kelan ginempur  
tinumpesan lanang wadon.
5. Para ratu panganjur  
wonge ratu satus pitung puluh  
inggih gusti wonten tigang atus kethi  
dhusun paminggir supenuh  
wonten ing dhusun Mariyo.
6. Jembar radin pukulun  
angungkuraken bangawan agung  
kanan wukir wana ageng ingkang kering  
ara ara jembar ngayun

badhe papaning prang pupoh.

7. Praptane telik ulun  
saking nagri Yujana pukulun  
inggi estu Wong Agung Surayengbumi  
let patang puluh dineku  
saking ing Yujana bodhol.
8. Balane pinartelu  
pinisah putra kakalihipun  
lan ibune kang samya putri prajurit  
sampun binagi wadya gung  
dinum ingkang para katong.
9. Lampah let pitung dalu  
rama lawan putra kalihipun  
angandika sang Prabu Kelan Jajali  
heh Gajahbiher nora wruh  
pagene metu ing kono.
10. Apa nora na tutur  
yen iku marga gawat kalangkung  
ing Sindhulawukir enggoning raseksi  
nambungi rajeng Medayun  
wus adat Jayengpalugon.
11. Marga gawat tinempuh  
boten watak nyinggahi pakewuh  
kayu aeng lamah sangar tawa sami  
sang rajeng Kelan umatur  
wiyahé dereng katanggor.
12. Pan Sindhula pukulun  
enggen denawa sang Raja Jamum  
ditya sekti martapa amrih linuwih  
ing kaprawiran pukulun  
atmajane roro wadon.
13. Kaprawirane ampuh

wonten wil balane tigang atus  
samy kinen martapa amrih kasektin  
isining bumi puniku  
ciptane samiya kasor.

14. Bumi kula pukulun  
apan nenggih wontene ing ngriku  
inggih minta lilah kawula sayekti  
sampun tigang dasa taun  
wukir singub jurang sigrong.
15. Jangji kula pukulun  
yen arsa mangsa jalma puniku  
boten mangsa manungsa ing Kaelani  
ing kanan kering praja gung  
inggih kang sami binadhog.
16. Sagah ing kula nengguh  
yen ngriki manggi baya pakewuh  
anulungi purun anglabuhi jurit  
mila keringan pukulun  
samy jrih kang para katong.
17. Kula winastan ngingu  
inggih dhateng wil pun Raja Jamum  
tur punika inggih kajenge pribadi  
kawula nyegah tan purun  
pinenginga dadi mungsoh.
18. Luwung yen dadi batur  
kenging ing aji kasektenipun  
mila para ratu Tanah Ajam wingwrin  
winastan pun Raja Jamum  
kula kang darbe ngoningon.
19. Lawan kahananipun  
wayah tuwan pun Kelaswareku  
saben nggitik praja ratune nadhahi  
kasor prang sakaliripun

kyeh para ratu binoyong.

20. Lampahan kawan dalu  
Wukir Sindhula lampah sineru  
saking ngriki sedhenge pan pitung ari  
margine maripit gunung  
Wukir Sindhula kagepok.
21. Heh Gajahbiher iku  
mangsa wurunga yen gempur tumpur  
si Kalana Jayengmurti sawadyeki  
binadhog ing Raja Jamum  
dilalah tumpes ing kono.
22. Patih Bestak lon muwus  
marang Gajahbiher nora seru  
anak Gajahbiher kula pemuat yekti  
sisip tangguhe sang prabu  
prakawis Jayengpalugon.
23. Cinampah prang lan diyu  
inggi buta punapa puniku  
buta ndhekem andhelik sok ndekep genjik  
wil numpe spitik tumurun  
buta dadi ama babon.
24. nDika boten angrungu  
Raja Iprit lan Raja Pardiya  
sabalane yutan sinten kang mateni  
siji wonten nggawa batur  
Wong Agung Jayengpalugon.
25. Ratu ndika puniku  
punapa tan ngrungu caturipun  
wonten ditya sirah sewu nggigilani  
astanipun kalih ewu  
gegedheging jagad wutoh.
26. Si Jamum buta kuncung

tan pantes kinarya agul-agul  
buta ngili papariman nggawa pithi  
kaliwat nistha winuwus  
dereng wruh marang wawaton.

27. Samaduna ndhas sewu  
wadya balane sayuta uluk  
kabeh sirna dening sang Surayengbumi  
pun Jamum puniku besuk  
mung wong sikep kang anjotos.
28. Kya patih Kelan ndheku  
inggihi rama wonten putrinipun  
kalih pisan sami prawireng ngajurit  
Ki Patih Bestak angguguk  
pikir ndika liwat jompo
29. Moprok boten lumaku  
pikiring rare moprok ing tangguh  
Kyana Patih Gajahbiher ndheku malih  
mangsa borong rama nuhun  
kang sampun jajah pamiyos.



### 39. PUTRI CINA PINANGGIH PUTRI PARANGAKIK

#### MIJIL

1. Kuneng ingkang gunem lawan pikir  
gantya winiraos  
raja putri ing Cina budhale  
saking Yujana sawadyaneki  
baris Parangakik  
ingkang tinut pungkur.
2. Nanging sinamar ragi anebih  
miwah yen makuwon  
tan katawis batin panunggale  
katon manjila pakuwoneki  
mangkana winarni  
duk angsal sadalu.
3. Budhal saking Yujana nagari  
wonten ing pakuwon  
tinimbangan ing dalu karsane  
nenggih raja putri Parangakik  
putri Cina nenggih  
kerid lampah pandung.
4. Retna Sudara nganguk-anguki  
jawining pakuwon  
putri Cina mung lan turanggane  
wau raja putri Parangakik  
denya mamanuh  
nilib cara pandung.
5. Nitih garudha yeksa sang putri  
neng jawi pakuwon  
pinggir wana wonten patayare  
upacara Raden Jayusmani  
kang rama maringi  
Cina kalih ewu.

6. Lurah sakawan binakta kalih  
pun Ting Go Wiyang koh  
lawan pun Jong Cu Kun satunggile  
kang kinarya jaruman nimbali  
putri Cina kering  
dening pun Jong Cu Kun.
7. Mung pacara kalih kang umiring  
pun Ting Go Wiyang koh  
lan Jong Cu Kun anilap lampahe  
putri Cina anitih turanggi  
wus celak kang baris  
lampah mandheg mangu.
8. Rajaputri Cina ngandika ris  
heh Ting Go Wiyang koh  
lan Jong Cu Kun iki kaya priye  
dening laku wus parek lan baris  
yen sinapa mangkin  
kapriye saurmu.
9. Duk punika putri Parangakik  
denira mirantos  
nuju tanggap ping wolu wayahe  
pukul sadasa sang dyah kaeksi  
praptanira kerid  
sang retna gya niyup.
10. Sarwi nguwuh enggal yayi dewi  
ing kono nggoningong  
Adaninggar kagyat apa kiye  
sigra Jong Cu Kun matur wotsari  
punika jeng gusti  
mamanuki methuk.
11. Putri Cina miyarsa tan aris  
saking kuda anjog  
gurawalan tilar turanggane

Retna Sudara ngadeg nyekeli  
garudha yekseki  
cinandhak Jong Cu Kun.

12. Putri Cina kang nyekel kudeki  
pun Ting Go Wiyang koh  
Adaninggar ngrungkebi padane  
sarwi anjrit lara lara nangis  
pada kinapithing  
sangsaya sru muwun.
13. Pejahana kawula puniki  
den enggal kakang mbok  
yen gesange mimirang ing akeh  
kula isin dhateng bumi langit  
suku madal siti  
sru panangisipun.
14. Papa pataka temen wakmami  
gung dadi lalakon  
Adaninggar matiya den age  
urup karya jalebuding bumi  
atinggal prajeki  
tuwin rama ibu.
15. Kadang warga tan ana katolih  
prapteng raganingong  
durung weruh ing reh sisikune  
wawadine Wong Agung sawiji  
api buta tuli  
katanggor ing watu.
16. Adaninggar aja urip-urip  
heh kaki Topekong  
ngur banjuten ingong sang Hong Ting Te  
lenyepena sing ngalam donyeki  
putri Cina iki  
nyanyampuri tuwuh.

17. Ngapesaken jenenging narpati  
sagung para katong  
ingkang sami puri tenayane  
karya ojat Adaninggar iki  
estu njejemberi  
pengus bengus bengus.
18. Baya katingal wrejid lan cacing  
lan iris-iris poh  
nora katon manungsa pantese  
amawongan tan arsa nampeni  
amimitra mami  
meh katawur-tawur.
19. Lah pedhangen kakang mbok denaglis  
inggihi raganingong  
yen wis layon ulihna denage  
lah petaken bumi Parangakik  
maring Cina pasthi  
mangsa na kang ngaku.
20. Cempurungen bumi Parangakik  
candhinen aywa doh  
nadyan pejah nyethi ing dheweke  
aksamanen kang mbok awakmami  
mung angesthi pati  
suka nganyut tuwuh.
21. Putri Cina kaku tyasireki  
satemah ngejozor  
kadya kayu akancing astane  
pangrangkule ing pada sang putri  
sarira tan osik  
malirik tan muwus.
22. Sariranya wus kadya ngemasi  
keketeg neng tenggok  
putri Cina sanget kakon aten

- nora bisa ngampet nepsuneki  
netra kadi cuki  
ilang kocakipun.
23. Maras tyase putri Parangakik  
wunguwa riningong  
kaya dudu anak ratu gedhe  
ndarungaken pikir tanpa kardi  
salahing pawestri  
yen kagedhen nepsu.
24. Ginarayangan sariraneki  
sadya pan atos  
keketege wus ngalih enggone  
membeg-membeg samataning pitik  
wus asawang mayit  
sang putri kalangkung.
25. Maras ing tyas welasa ningali  
mring kang sawang layon  
angur layon empuk garayange  
iku sang putri atos kapati  
ngacecenge kadi  
kayu andalujur.
26. Winungu-wungu meksa tan osik  
angling sang lir sinom  
heh Jong Cu Kun muliha denage  
mring pakuwon pundhuten denaglis  
si Wulan Piningit  
ya jempananingsun.
27. Kang amikul aja liya saking  
padha sikep wadon  
kuda iku lah cangcangen bae  
atur sembah Jong Cu Kun tumuli  
lumayu wus prapti  
ing pakuwon agung.

28. Sampun binekta jempana aglis  
sikep sami wadon  
sigra sigra wau ing lampahé  
nulya prapta ngarsane sang dewi  
sang dyah ngatag aglis  
mring wadya kang mikul.
29. Padha unggahna rampanen aglis  
iku ariningong  
gya rumagang wau pawongane  
sampun munggang jempana tan osik  
putri Cina maksih  
sanget denya kantu.
30. Kondur rajaputri Parangakik  
praptane pakuwon  
tinurunken saking jempanane  
putri Cina pan dereng anglilir  
inginggahken aglis  
marang ing tilam rum.
31. Kocaping carita tigang ari  
kang amindha layon  
panglilire saking antakane  
wungu pungun-pungun angabekti  
putri Parangakik  
andikanira rum.
32. Rerehena yayi tyasireki  
aywa katelangso  
wong kegedhen nepsu ala lire  
nora duwe bebecik sathithik  
lamun putri adi  
aywa ngingu nepsu.
33. Ila-ilane kang dhingin-dhingin  
jenenging wong wadon  
yen ngugunga duwe nepsu gedhe

nora antuk jenenging akrami  
duraka pinanggih  
amanggih papa gung.

34. Putri cina andheku wotsari  
pukulun kakang mbok  
saking sanget ing manah lepate  
amba nunutuh badan pribadi  
getun ping sakethi  
solah kang wus luput.
35. Mangke sumangga tan darbe urip  
kagungan kakang mbok  
siyang dalu anut sakarsane  
pupundhutan wus aglar neng ngarsi  
dhahar putri kalih  
guneme mastimbul.

#### 40. PUTRI CINA WONTEN ING PASANGGRAHANIPUN PUTRI PARANGAKIK

##### MASKUMAMBANG

1. Eca tyase dhadharan sang rajaputri  
Retna Adaninggar  
mopo yen sarenga bukti  
purune purun pineksa.
2. Wusnya dhahar lumados inuman sami  
lawan ganda wida  
rajaputri Parangakik  
Retna Sudara ngandika.
3. Rungokena yayi dewi suntuturi  
duk pacangan ingwang  
lawan sang Surayengbumi  
beya samodra ludira.
4. Paman prabu ing Cina apa ta lali  
duwe putri endah  
yen krama banten ing jurit  
wus ila-ila ing kuna.
5. Kramaningsun lawan sang Surayengbumi  
babanten ayutan  
papati wong Parangakik  
ponponane tumuliya.
6. Parandene semono durung pinanggih  
imbuh banten kadang  
kakang prabu Parangakik  
aprang mungsuh lawan ingwang.
7. Sunpatenik kakang prabu Parangakik  
madyaning palagan  
iku kandlele wakmami  
lan yayi putri Karsinah.



8. Putri Cina kagyat umatur wotsari  
kakang mbok Karsinah  
Retna Sirtupelaheli  
ing pundi kang pasanggrahan.
9. Angandika rajaputri Parangakik  
adoh aneng wuntat  
telung dina saking ngriki  
nindhihi wadya ing wuntat.
10. Wus sunundang ing Karsinah yayi dewi  
lakon telung dina  
satengange bae prapti  
payo yayi rerembagan.
11. Sira iku becik salina agami  
badanmu sepata  
sira selama ta yayi  
aja ngembet balanira.
12. Retna Adaninggar umatur wotsari  
pukulun sandika  
badan kawula pribadi  
sampun kawruhan ing kathah.
13. Angucapa la ila hailallahi  
anekseni ingwang  
kang akarya bumi langit  
kang satuhune Pangeran.
14. Lawan malih Ibrahim kalilolahi  
anekseni ingwang  
satuhu Nabi Ibrahim  
yeku dutaning Hyang Suksma.
15. Kang ingaken pawong mitrane Hyang Widdhi  
sang putri wus Islam  
ngindallah ing lair kapir  
batine nyata wus Islam.

16. Pun Jong Cu Kun tinuduh paring udani  
mring pakuwon Cina  
aywa na kelangan gusti  
wau ta pakuwon Cina.
17. Abusekan gumuruh swaraning tangis  
sirname gustinya  
tigang dina nora prapti  
jalu estri sru karuna.
18. Saprapane Jong Cu Kun sirep kang tangis  
lan mbekta parentah  
saking putri Parangakik  
pakuwon Cina ywa obah.
19. Aja owah kaya ana yayi dewi  
emban karo samya  
Siwangsiwung dentimbali  
barenga lawan utusan.
20. Sampun tentrem wadya Cina tyasireki  
mban kalih ngandikan  
mring Jong Cu Kun atut wuri  
manjing jroning pasanggrahan.
21. Wau Raden Jayusman praptanireki  
pakuwoning paman  
marek ing ibunireki  
tur sembah lajeng alenggah.
22. Putri Cina dherakalan angudhuni  
ulap duk tumingal  
ing cahya amindha sasi  
kesisan dening pawana.
23. Momor lawan pawongan denira linggih  
sang Retna Sudara  
gya nyandhak astanireki  
lah sireki basakena.

24. nDadak lunga sira dalih sapa iki  
apan putranira  
Ki Jayusman anak mami  
patutingsun lan Wong Menak.
25. Wus tinarik astanira minggah malih  
Retna Adaninggar  
ngunandika jroning galih  
meh ngeblegi ingkang rama.
26. Numbras temen cahyane wong Arab iki  
padha nukmeng wulan  
tekan babayi nuruni  
putri Cina aturira.
27. Kawulangger ngawu-awu ing sang pekik  
kamipurun amba  
ingambil sudarawedi  
dhateng ibu jeng paduka.
28. Dyan Jayusman andheku nuhun wotsari  
putri Cina kagyat  
sinembah mring raden mantri  
marebel awetu waspa.
29. Angandika sang Retna Sudarawreti  
yayi aja krama  
iya mring sutanireki  
dadi was-uwas maringwang.
30. Sutaningsun iya sutanira yayi  
padha ujar pisan  
nora bisa ujar lamis  
Retna Daninggar tur sembah.
31. Angandika rajaputri Parangakik  
kulup timbalana  
pamanira dipunaglis  
ingsun arsa rerembungan.

32. Lan bibekmu karo pisan suntimbali  
sunweruhne padha  
marang ing dhadhayoh mami  
Dyan Jayusman nembah mentar.
33. Tan antara praptane sampun denirid  
wau ingkang paman  
lawan ingkang bibi kalih  
putri Cina duk tumingal.
34. Pan kumepyur tyasira sang rajaputri  
kesah afsa ngiwa  
ampingan sedyanireki  
Retna Sudara ngandika.
35. Sarwi latah jereh temen sira yayi  
umpetan ana pa  
nora nana kedhah-kedhih  
Adaninggar matur nembah.
36. Lah punika raka paduka kang prapti  
sang Sri Kakungingrat  
ngandika Sudarawreti  
apan ika yayi Maktal.
37. Putranira Ki Jayusman kang angirid  
kang sun kon angundang  
lamun wong lagi ningali  
sapisan keh kasamaran.
38. Iya Maktal iya sang Surayengbumi  
kembar rupa swara  
mila tresnane tan sipi  
alah ingkang tunggal welad.
39. Lunga ngunthul padha cukur wong kakalih  
kadange tan kena  
mulu ing salah sawiji  
mung Maktal tan kena pisah.

40. Tunggu makam padha cukur wong kakalih  
Maktal prapta nembah  
miwah ingkang garwa kalih  
sawusnya tata alenggah.
41. Maktal matur paduka anggugujengi  
ngandika punapa  
ngraosi ing prapta mami  
Retna Sudara alatah.
42. Duk pangunthul duk pamakam sunrasani  
duk patunggu jarat  
nora nama malih malih  
karo yayi Adaninggar.
43. Jarahbanun Banawati marepeki  
denira alenggah  
Adaninggar angingseri  
Sajarahbanun gya nyandhak.
44. Ing wentise dhuh kakang mbok dhateng pundi  
wong pinarepekan  
teka ndadak angingseri  
punapa tuwan tan sotah.
45. Akakaruh kawula tiyang ing Mesir  
Adaninggar mojar  
mas ratu kula kang ajrih  
lamun boten sinampara.
46. Jarahbanun matur teka pindho kardi  
sampun darbe cipta  
liya kakang mbok ing ngriki  
Adaninggar resep ing tyas.
47. Jarahbanun angling sarwi angejepi  
heh kulup Jayusman  
parenekna jenggi mami  
wadiah pamucanganingwang.

48. Rajaputra tur sembah marang kang bibi  
marek ngarsanira  
sarya ngaturaken jenggi  
putri Cina eram mulat.
49. Baya iki kadange sang Jayengmurti  
teka nora basa  
iya marang raden mantri  
Retna Sudara ngandika.
50. Yayi emas Parangteja suntuturi  
raja putri Cina  
wus masuk agama mami  
Dyan Maktal ndheku tur sembah.
51. Inggih sukur kedah lestari basuki  
nanging jeng paduka  
utami atur udani  
inggih maring raka paduka.
52. Iya yayi nanging iku yayi dewi  
badane sepata  
balane tan sunlilani  
aywa mutahaken kilang.

#### 41. RAJA JAMUM REREMBAGAN KALIYAN PUTRANIPUN KAKALIH

##### DHANDHANGGULA

1. Inggih leres ing karsa sang putri  
gampil masalah menggahing wadya  
yen sampun senapatine  
pinten pinten pukulun  
raja putri gumujeng angling  
ya talah yayi talah  
apa kena mbesuk  
yayi Dewi Adaninggar  
yen puliha kaya ciptane duk lagi  
mangkat saking ing Cina.
2. Kalakona mendah kaul mami  
Arya Maktal umatur wotsekar  
kadi wikana ing tembe  
yen paduka kang mangun  
kadi boten lepat ing benjing  
sedheng abis kang aprang  
kanthiya pukulun  
lan ature para raja  
rama nata Medayin pinungkas nuli  
punika kang pangkalan.
3. Lagya eca imbal wacaneki  
kasaru prapta putri Karsinah  
Maktal tedhak sagarwane  
ngurmati ingkang rawuh  
raja putra methuk ing bibi  
amung Retna Sudara  
kang maksih alungguh  
praptane putri Karsinah  
angabekti mring Retna Sudarawreti  
Adaninggar tur sembah.

4. Matur Retna Sirtupelaheli  
lah kakang mbok punika wong anyar  
sapa sinten kakasihe  
Sudarawreti muwus  
lah badhenen sapa ta yayi  
kang dadi praptanira  
kaduga sang ayu  
gya rinangkul Adaninggar  
dhuh ragane sira iki yayi dewi  
putri adi ing Cina.
5. Aja susah wardayanireki  
dene panggawe kang wus kaliwat  
aja sira rasakake  
mung panggawe kang durung  
yen wus kanthi kang mbok sireki  
nadyan kaluputana  
barang pakaryeku  
sayekti yen nora kempa  
nora nistha banten ndhas mantri sakethi  
antepe wong sasanak.
6. Wus mangkana bubar kang apikir  
cinarita rajaputri Cina  
wus tinampen pandhasihe  
kocap ing saben dalu  
neng pakuwon ing Parangakik  
siyang neng pasanggrahan  
Parangakik wau  
amung yen kala budhalan  
putri Cina nindhihi wadyanireki  
yen kala masanggrahan.
7. Nora parek apan nora tebih  
sampun kalok yen sang putri Cina  
pamitrane pandasihe  
mring Retna Sudareku



pinanjingken sudarawedi  
wau ta budhalira  
lamine Wong Agung  
mangkat saking ing Yujana  
sampun angsal kalih tengah wulan nenggih  
punjul sawelas dina.

8. Kantun lalampahan kawan ari  
praptanira jro kitha ing Kelan  
kalimput tepis wiringe  
mengsah ngasut anglimput  
abusekan geger tan sipi  
oter wong sanagara  
para ratu-ratu  
kang kareh nagara Kelan  
mancapraja kasusu praptanireki  
samya tugur jro kitha.

9. Pajeg barise wong Kaelani  
dene sagung para ratu Arab  
angresiki saosane  
kokojo kang winangun  
dhusun ageng papane resik  
nenggih Mariyobara  
andina gumuruh  
wadya gung kang nambut karya  
tuwin sagung pakuwoning pra narpati  
rinakit wadyanira.

10. Dene Wong Agung Surayengbumi  
kendel cangkrama tengahing wana  
ler wetan Sindhula nggene  
pacangkramanan agung  
masanggrahan sang Jayengmurti  
lawan sagarwa putra  
kalangon anutug  
ya ta wau kawarnaa

Raja Jamum lan putranira kakalih  
pra sami pirembagan.

11. Payo nini wus sedhenge mangkin  
mengko pukul siji linekasan  
sira manjinga pondhoke  
Kalana Jayengsatru  
amindhaa kenya sireki  
putri kang luwih endah  
sumandhinga gupuh  
ing dagan nuli matura  
yen kinarsan nedya mawongan anyethi  
marekan ngestupada.
12. Putri kalih matur nyemadosi  
inggih mangke bapa ji kularsa  
nelik anamur siyange  
inggih ing benjing dalu  
ingkang rama suka nuruti  
putri kalih turira  
kula mangke dalu  
arsa memeleng mumuja  
inggih karya pangabaran gora riris  
pikekesing prahara.
13. Lamun datan katampen ing benjing  
datan wande lamun bandayuda  
ing prang angaben kasekten  
ditya kang tigang atus  
nyurakana saking ing wuri  
anglekasena mantra  
kekesa kang ngrungu  
Retna Mardawi Mardawa  
mring pamujan gentha kekeleng munya tri  
anglandeng dupanira.
14. Pan gumuruh brekasakan prapti  
kang anggusti mring Ratna Mardawa

Retna Mardawi wus dene  
gandarwo ilu-ilu  
topeng-reges kang samya prapti  
klunthung-waluh galedrah  
pidhir lawan senggrung  
lungkrah peler ludreg rengkrah  
samya ngatas ing karsa gusti sang putri  
wadyane brekasakan.

15. Lan wus tumurun kang sanjatagni  
sakembaran ciptanya sang retna  
wus katekem jagad kabeh  
lunuwar pujanipun  
wangsul marek ramanira glis  
prapteng ngarsa tur sembah  
dhuh rama wakingsun  
sampun Hyang Latawal Ujwa  
aparing sih kang kawula cipta keni  
kang senjata dahana.

16. Raja Jamum suka ngandika ris  
iya dhenok sayektine sira  
malesa lara patine  
eyangira karuhun  
liwat saking kawelas asih  
dadi pangewan-ewan  
kupinge pinerung  
irunge ginaruwungan  
panggawene si Kalana Jayengmurti  
eyangmu nuli lunga.

17. Ngalih ngadhaton alas Sagarsi  
balane ditya kang tinumpesan  
ana saleksa cacahe  
kang kari ana sewu  
ing kang padha ginawa ngili  
kabeh ing kang kapisah

ngulati katemu  
panggonane eyangira  
nagaraning manungsa alas Sagarsi  
kadhaton eyangira.

18. Nuli lami-lami iku prapti  
Kakungingrat Sargasi nagara  
eyangmu iku patine  
kang denurupken iku  
kakapaning turangganeki  
ya si Askar Duwijan  
anaking ditya gung  
si Ranes ingkang susuta  
nuli patih Sagarsi kang kinen kardi  
kakapaning turangga.
19. Ratu Sagarsi atur udani  
lamun ana buta peperungan  
sarta garuwung irunge  
iku nuli jinujug  
mring si Kakungingrat ing nguni  
patine eyangira  
neng Sagarsi gunung  
wong wis ngili denupaya  
liwat luwih si Kalana Jayengmurti  
gawe sawenang-wenang.
20. Pan ing mengko sira lawan mami  
apupulih dene ta wus lawas  
nggoningsun martapa kiye  
pan wus nembelas taun  
nedya sekti angluluwihi  
dene saananira  
dhenok lawan ingsun  
limalas taun pan ana  
nora ketang raseksa enggoning sakti  
aja kudu atapa.

21. Iya amrih kang mbabar pisani  
iya babo lan sira kewala  
wong Arab iku tumpese  
tan nganti njaluk tulung  
ing kang jamak pan tumpes tapis  
kang sanjata dahana  
wong Arab kapupus  
ditya tri atus ngandikan  
prapteng ngarsa Mardujamum ngandika ris  
heh sagung sanakingwang.
22. Den padha ngantep sapisan iki  
yen kasora ngungsi ngendi sira  
sajagad kadhangan kabeh  
tempuhing aprang pupuh  
dengumuruh surakireki  
wil tri atus tur sembah  
kadi yen kacakup  
balanipun Jayengrana  
pasthi tumpes dening putranta kakalih  
sirna pun Kakuningrat.
23. Iya payo bubaran miranti  
kuneng malih ing kang kawuwusa  
wadya Rab ing pakuwone  
kang lagya lenthang-lenthung  
Ki Dipati Tasikwajeki  
mubeng ngideri wana  
lampahnya anglantur  
ki dipati tanpa rowang  
karsanira yun wruh watesing wanadri  
talatah bumi Kelan.
24. Umarmaya manggih kali alit  
langkung wening kathah selanira  
ing pukul titiga sore  
angambil toya dhingkul

mapan sira ki adipati  
inguwuh saking wuntat  
Marmaya anjumbul  
tinolih si kaki tuwa  
kang manggihi ana ing alas Kuwari  
Marmaya marek nembah.

25. Kaki sarwi jo saking ing pundi  
kaki tuwa mesem saurira  
iya saksangka-sangkane  
atutur mring sireku  
ana mungsuh nyidra ing jurit  
dudu jalma manungsa  
ditya aran Jamum  
dene kang arsa cinidra  
Arya Maktal iya lan si Jayengmurti  
nanjak karti sampeka.
26. Prawira dhusta amarasandi  
widigdayeng kewuh luwih awrat  
yen luputa pratikele  
iya ing limang dalu  
arinira wong agung kalih  
aja pisah panggonan  
siyang dalunipun  
raja putri karo ika  
ing Karsinah lawan putri Parangakik  
bubuhana anganglang.
27. Ing sajroning pasanggrahan pasthi  
dene patihmu kang roro padha  
ngirida ing sakancane  
si Sihngiyar puniku  
lan si Tajiwalan ngubengi  
sajaban pabarisan  
wongira kang pethuk  
pilihana kanthekena

aja luwih iya patang atus sisih  
Tajiwalar Sihngiyar.

28. Kang wadya gung aja na kang mijil  
nadyan ana ing prang gegempuran  
padha andhedhepa bae  
ya kang duwe karyeku  
iya amung sang putri kalih  
wus muliha denyitna  
musna tan kadulu  
wau sira kaki tuwa  
langkung ngungun Marmaya gya nampel wentis  
umesat kadi kilat.
29. Tan adangu pasanggrahan prapti  
wus apanggih lan sang Kakungingrat  
katur kabeh sasolahe  
Marmaya nampel pupu  
mesat kesit saengga thathit  
prapteng pakuwonira  
Sudarawretiku  
panggih sampun jinarwanan  
mesat malih panggih Sirtupelaheli  
jinarwanan srinata.

## **42. PUTRI PARANGAKIK TUWIN PUTRI CINA SAMI ANJEJEP MENGSAH INKGANG BADHE LAMPAH CIDRA**

### **SINOM**

1. Rajaputri ing Karsinah  
Rabingu Sirtupelaheli  
gya ngrasuk kaprajuritan  
marek ing Sudarawreti  
wus panggih awotsari  
umatur Retna Rabingu  
kang mbok ngatas ing karsa  
punapa inggih tumuli  
jeng paduka sowan dhateng pasanggrahan.
2. Mesem denira ngandika  
raja putri Parangakik  
yayi nora seba rina  
sanadyan ing mengko bengi  
pan nora nedya panggih  
njujug njaba bae ingsun  
lah iya ngarah apa  
jer pakewuh sunjagani  
lamun sira kangen teka papanggiha.
3. Malerok putri Karsinah  
inggih paduka manawi  
panggih ngong anut kewala  
ing puniku raja putri  
Cina njuju meninggi  
Retna Sudara lingnya rum  
aja ngregoni padha  
mring raja putri Kuwari  
si Kisbandi kang lagya papanggih anyar.
4. Telungane raganingwang  
nora kudu dicedhaki



sok kartaa sok sirnaa  
ingkang dadi satru mami  
wong tuwa temu kari  
yayi tan mikir kang iku  
iki pan mungsuhira  
prawira dhustha ngluwihi  
dhasar tapa dhasare dudu manungsa.

5. Arinira Parangteja  
iya kang budhala dhangin  
Arya Maktal tinimbalan  
prapteng ngarsa ngandika ris  
Retna Sudarawreti  
yayi dhangina sireku  
aja bareng lan ingwang  
heh yayi poma deneling  
pitungkase kaki ijo marang sira.
6. Arya Maktal matur nembah  
inggi kawula rumiyin  
ngandika Retna Sudara  
iya dhangina sireki  
tur sembah lengser aglis  
Arya Parangteja laju  
mung wadya sawatara  
ingkang kari gunem sami  
putri kalih katiga lan putri Cina.
7. Tur sembah putri Karsinah  
menggah ta pun yayi dewi  
paran ing karsa paduka  
punapa kenging kinanthi  
angling pasthi yen keni  
yen mungguha rinireku  
sunajak adol karya  
sunadu prang milu mami  
mati urip aja pisah lawan ingwang.

8. Adaninggar matur nembah  
punika leganing galih  
ajura ngayahan ing prang  
datan kumedhep ing pati  
yen ta dereng ngemasi  
pangraos jeg sampun sampun  
kang mbok ngawaki ing prang  
ing kalih-kalihe sami  
yen ta dereng sebit kadange taruna.
9. Kang mbok kawula putusan  
dhateng pakuwon memetik  
kang pantes kawula bekta  
ngandika Sudarawreti  
wajib pan sira yayi  
kasektenmu geni murub  
pratikelira ing prang  
yekti wadyanira yayi  
padha konen saos kayu lawan lenga.
10. Sandika Retna Daninggar  
mBan Siwangsiwung tinuding  
andhawuhi kyana patya  
Siwangsiwung mesat aglis  
Ki Patih dendhawuhi  
wong Cina kang saos kayu  
miwah wadya Karsinah  
tuwin wadya Parangakik  
samyas saos ing kayu kalawan lenga.
11. Kuneng gantya kawuwusa  
Wong Agung Surayengbumi  
wadyane wus ingundhangan  
yen dalu aywa na mijil  
Arya Maktal wus prapti  
panggih winangsitan sampun  
pandhapa pasanggrahan

apan sampun denlangseni  
pan ing ngriku enggene sang Arya Maktal.

12. Nengna suruping baskara  
budhal putri Parangakik  
anitih garudha yeksa  
putri Karsinah anitih  
paksindra Sahomai  
Adaninggar nitih sampun  
janggi nanging tan bisa  
nenggi anapak wiyati  
dadya wau putri kalih lampahira.
13. Angemper mung tigang asta  
benggange kalawan siti  
asih marang putri Cina  
tegese kang denkawruhi  
kanthen tan kena tebih  
lampahe putri katelu  
bayak samarga marga  
guneman sarwi lumaris  
angandika Retna Sudarawretika.
14. Yayi abote wong Arab  
yen minungsuh ing ajurit  
sektine akeh kang nyandhak  
pan amung awase yayi  
kang nora na nimbangi  
tan kena cinidra weruh  
unggule ing ngayuda  
miwah praptaning bilai  
wus kawruhan iku abote wong Arab.
15. Mungsuh ingkang laku cidra  
jampeng nora kulak warti  
buta gunung tur alasan  
sikara nedya mateni  
wau wong Parangakik

Karsinah Cina aselur  
ngusung kayu lan lenga  
kabeh samya pinedhat  
pan tinumpuk sajawining pasanggrahan.

16. Wau patihe Marmaya  
Raden Sihngiyar angirid  
kawan atus mubeng ngiwa  
Raden Tajiwalan ngirid  
wong kawan atus nenggih  
mubeng nengen samya pethuk  
andel Kaumarmayan  
sadaya wus nandhang wangsit  
samya sirep sagunging wong pasanggrahan.
17. Ya ta wau kawuwusa  
Mardujamum saputreki  
Retna Mardawi Mardawa  
ditya nem-atus tan kari  
pukul sapuluh wanci  
angkatira Raja Jamum  
ditya nem-atus ika  
ing tegese jalu estri  
buta lanang mung triatus cacahira.
18. Matek prapta angin gora  
meses bayu bajra tarik  
sindhung riwut magenturan  
daledeg prahara midid  
dhedhet maerawati  
lampahing ditya anggregut  
ing marga winarna  
prapta kikise kang baris  
Raja Jamum miranti sabalanira.
19. Wau sang Retna Sudara  
lawan Sirtupelaheli  
katiga lan putri Cina

prapteng pakuwon wus manjing  
wadya kinantun jawi  
sang dyah namar lebetipun  
amatak lilimunan  
Retna Sirtupelaheli  
kalih ngagem kamandan saking Ngajarak,

20. Sasaat datan katingal  
sanadyan setan lan ejin  
tan ana kuwasa mulat  
aywa kang manungsa malih  
yen bisa aningali  
sang Retna Daninggar wau  
ngagem talikemtular  
sekti nanging maksih keksi  
linarapan kemanden saking Ngajarak.
21. Sampun tumut tan katingal  
ing Cina sang rajaputri  
ngandika Retna Sudara  
nanging yayi yen ajurit  
padha ngaton kang pasthi  
ana mangsa kalanipun  
yen agunga nyiluman  
dudu ambeking prajurit  
wong prawira sura mrata jaya mrata.
22. Anjejep tata panggenan  
putri katiga miranti  
prayoga panjejepira  
prapta angin gora riris  
Retna Sudara njawil  
lah iki dutaning mungsuh  
dudu angin pasaja  
kekese katara yayi  
pan wus prapta pantese kang mungsuh cidra.
23. Yayi mara rungokna

swara ingkang kapiyarsi  
praptane kang pangabaran  
matur Sirtupelaheli  
punika ing wiyati  
cat mireng cat tan karungu  
heh yayi Adaninggar  
apa sira kaya mami  
matur inggih ngandika Retna Sudara.

24. Yen mengko ana katingal  
cumalorot saking langit  
sarupa-rupane baya  
sanadyan rupaa paksi  
turangga miwah sapi  
yeku panjilmaning satru  
apa dene manungsa  
heh yayi Daninggar aglis  
prepekana sabeten talikemtular.
